**Wo’zbekstan Respublikasi’ Joqari’ ha’m worta arnawli’ bilimlendiriw ministirligi**

**Berdaq ati’ndag’i’ Qaraqalpaq ma’mleketlik universiteti**

**Jurnalistika kafedrasi’**

# Najimov Amanli’qti’n’

# «Ustaz joli’» gazetasi’ni’n’ tariyxi’ atamasindag’i

## Pitkeriw qa’nigelik jumi’si’

**Ilimiy basshi’:** **doc. D.Bekbawliev**

**Kafedra basli’g’i’:** **doc. D.Bekbawliev**

**No’kis-2012**

**Jaqlawg'a ruxsat berildi:**

**Fakultet dekani':** **doc. Q.Turdi'baev**

**Kafedra basli'g'i':** **doc. D.Bekbawliev**

**Ilimiy basshi':** **doc. D.Bekbawliev**

**Tema: «Ustaz joli'» gazetasi'ni'n' tariyxi'**

**Ma'mleketlik attestaciya komissiyasi'ni'n' qarari':**

**Najimov Amanli'qti'n' pitkeriw qa'nigelik jumi'si'na**

**«__________________» ball qoyi'lsi'n**

**"_____"iyun 2012-ji'l**

**MAK basli'g'i': ______________________________**

**MAK ag'zalari': _____________________________**

**____________________________________________**

____________ ____________________

____________ ____________________

____________ ____________________

____________ ____________________

**Tema: «Ustaz joli’» gazetasi’ni’n’ tariyxi’**

**Mazmuni’:**

**Kirisiw**

**I BAP. Tarmaqli’q gazetalar ha’m wolardi’n’ g’alaba xabar qurallari’nda tutqan worni’.**

**I.1 Qaraqalpaqstanda tarmaqli’q gazetalar ha’m wolardi’n’ rawajlani’w basqi’shlari’.**

**I.2. «Ustaz joli’» gazetasi’ni’n’ payda boli’w tariyxi’**

**II BAP. «Ustaz joli’» gazetasi’ni’n’ tematikali’q problematikali’q bag’darlari’**

**II.1. «Ustaz joli’» gazetasi’nda bilimlendiriwdi rawajlandi’ri’w ma’selesi**

**II.2 «Ustaz joli’» gazetasi’nda ruwxi’y-ag’arti’w ma’deniy ma’selelerinin’ sa’wleleniwi**

**III BAP. «Ustaz joli’» gazetasi’ni’n’ usi’llari’ ha’m janrli’q wozgesheligi.**

**Juwmaq**

**Paydalani’lg’an a’debiyatlar dizimi**

# K I R I S I W

Wo’zbekstan ha’m Qaraqalpaqstan Respublikalari wo’z g’a’rezsizligine yeriskennen keyin turmi’sti’n’ barli’q salalari’nda u’lken wo’zgerisler ju’zege keldi. Birinshi gezekte xalqi’mi’zdi’n’ ruwxi’n ko’teriw wolardi’n’ ruwxi’y du’nyasi’n milliy ideyalarg’a tiykarlag’an azi’qlar menen suwg’ari’w milliylikti uli’g’law ata-babalari’mi’zdi’n’ tariyxi’y ha’m ma’deniy miyraslardi’n’ ko’zdin’ qarashi’g’i’nday saqlaw ha’m wolardi’ jetilistiriw birinshi gezekte wo’zligimizdi an’law buni’n’ ushi’n xalqi’mi’zdi’n’ u’rp-a’det da’stu’rlerine sadi’q boli’w ha’m wolardi’ rawajlandi’ri’w yen’ basli’ ma’sele ma’mleketimizdin’ g’a’rezsizligin saqlap woni’ ma’n’gilestiriw buni’n’ ushi’n ka’mil insan ta’rbiyasi’na ayri’qsha itibar qarati’w za’rur boldi’. Soni’n’ menen birge yeski totalitar xali’qti’n’ sana seziminen pu’tkilley shi’g’ari’p taslaw insan qa’dir qi’mbati’ yerkinlik ma’nisin ruwxi’y ag’arti’wshi’li’q islerinin’ ma’nisin tu’pten tu’siniw ha’m ken’ ja’miyetshilikke tu’sindirip beriw g’alaba xabar qurallardi’ soni’n’ ishinde ku’ndelikli baspa so’zge de wazi’ypa yetip ju’klenedi. Bunday a’diwli wazi’ypani’ atqari’wda Wo’zbekstan Respublikasi’ yeki mi’n’nan aslam baspa g’alaba xabar qurallari’ ishinde «Ustaz joli’» gazetasi’ni’n’ da minnetine aylandi’. Sonli’qtan biz pitkeriw qa’nigelik jumi’si’mi’zdi’ «Ustaz joli’» gazetasi’ni’n’ tariyxi’ woni’n’ ruwxi’y ag’arti’wshi’li’q bag’dari’nda ali’p barg’an u’git na’siyat jumi’slari’ni’n’ na’tiyjesin tematikali’q ha’m jetiskenliklerin ku’ndelikli gazetada belsene xi’zmet yetip ati’rg’an jurnalistlerdin’ xi’zmetlerin u’yreniwge bel bayladi’q.

Wo’zbekstan ha’m de Qaraqalpaqstan g’alaba xabar qurallari’ni’n’ jetilisiwi, rawajlani’wi’ ha’m qa’liplesiwi wo’zine ta’n tariyxi’y basqi’shlarg’a iye. Biz pitkeriw qa’nigelik jumi’si’mi’zda izertlegen «Ustaz joli’» gazetasi’ni’n’ tariyxi’ da wo’zinin’ atqarg’an xi’zmeti, wazi’ypasi’ boyi’nsha milliy baspa so’zimizdin’ rawajlani’wi’nda i’layi’qli’ worni’ bar. Wonda respublikami’zdi’n’ zi’yali’ qa’wiminin’ do’retiwshilik xa’mde minnetli xi’zmetleri haqqi’nda so’z yetiwi birden bir ku’ndelikli gazeta yesaplanadi’. Wonda Qaraqalpaqstan mekteplerinde worta arnawli’ ka’siplik bilimlendiriw wori’nlari’nda joqari’ woki’w

wori'nlari'nda ruwxi'y ag'arti'w tarawi'nda xi'zmet yetip ati'rg'an taraw qa'nigelerdi ha'm de woqi'ti'wshi' ustazlardi'n' ja'miyetlik siyasiy kelbeti wo'z ko'rinisin tabadi'. Biz izertlep ati'rg'an ilimiy ko'z qarastan u'yreniwdi aldi'mi'zg'a maqset yetip qoyg'an temami'zdi'n' aktualli'g'i' da usi'nadi'. Bu'gingi ku'nde ku'ndelikli baspa so'zdin' ishinde wo'zinin' a'hmiyeti woqi'wshi'lari'ni'n' ko'pligi tarqali'wi' boyi'nsha da tarawli'q gazetalardi'n' worni' ayri'qsha.

Birinshiden «Ustaz joli'» usag'an tarawli'q gazetalar da ko'terilgen ma'seleler tek belgili bir bag'darda bar taraw boyi'nsha tek belgili bir bag'darda bir taraw boyi'nsha basi'p bul boyi'nsha tez sheshimler qabi'l yetse boladi'.

Yekinshiden tarawli'q gazetalarda jurnalistler menen bir qatarda sol taraw boyi'nsha tu'sinikke iye bolg'an u'lken ta'jiriybege iye bolg'an qa'nigelerde jumi's ali'p baradi'. Ko'rip wo'tkenimizdey tarawli'q gazetalarda ko'binese belgilengen tarawdi'n' mashqalalari' jetiskenliklerdi ha'm teoriyali'q ha'm a'meliy ko'z qarastan u'yrenilgen ma'seleler xaqqi'nda so'z yetiwshi maqalalar ja'riyalaydi'. Wolar tu'rli problemalarda jurnalistikani'n' tu'rli janrdari'nda o'z sa'wleleniwin tabadi'. Biz pitkeriw qa'nigelik jumi'si'mi'zdi'n' tiykarg'i' ballari'nda bular haqqi'nda ken'irek so'z yetemiz.

A'lbette bu'gingi ku'nnin' ko'z qarasi'nan gazetalardi'n' rawajlani'wi'ni'n' tariyxi'n u'yreniw wolarg'a ilimiy baha beriw ansat yemes. Sebebi, bu'gingi jurnalistika tariyxi'n u'yreniw ushi'n sol gazeta yaki jurnalistika g'alaba xabar qurallari' shi'g'i'p turg'an da'wirdi de u'yreniw sol da'wirdin' mashqalalari' menen jetiskenliklerinin' gazetada qalayi'nsha berilgenine shekem baqlap wolarg'a pikir bildiriw za'ru'r. Bulardi'n' barli'g'i' pitkeriw qa'nigelik jumi'si'mi'zdin wog'ada aktual yekenligin ja'ne bir ma'rte bildiredi. Soni'n' menen birge bu'gingi ku'nde g'alaba xabar qurallari'nan aldi'nda turg'an basli' wazi'ypalar qollap kuwatlani'wi' ma'seleleri de teren' u'yreniwdi talap yetedi. 2010-ji'ldi'n' 12-noyabr sa'nesinde Oliy majlis ni'zamshi'li'q palatasi' ha'm senati'ni'n' qospa ma'jilisinde Prezidentimiz I.A.Karimov ta'repin alg'a usi'ni'lg'an kontsepiyada da tikkeley ma'mleketimizde g'alaba xabar qurallari'nan

xuqi’qi’ tiykarlari’n yelede jetilistiriw wolarda ma’mleket ta’repinen qollap quwatlaw ma’selelerine ayri’qsha itibar qarati’w za’rurligine itibar qarati’[1].

**Ilimiy jumi’sti’n’ maqseti ha’m wazi’ypasi’**

Qa’nigelik jumi’si’mi’zdi’n’ tiykarg’i’ maqseti ha’m wazi’ypalari’ to’mendegilerden ibarat:

Birinshiden: Ma’mleketimizde g’alaba xabar qurallari’ni’n’ rawajlani’w basqi’shi’nda tarmaqli’q gazetalardi’n’ worni’n belgilew wog’an ilimiy ko’z qarastan baha beriw.

Yekinshiden: Qaraqalpaqstan Respublikasi’nda tarmaq gazetalardan biri bolg’an «Ustaz joli’» gazetasi’ni’n’ tariyxi’n u’yreniw.

U’shinshiden: Tarmaqli’q gazetalardi’n’ solardi’n’ ishinde «Ustaz joli’» gazetasi’ni’n’ tematikali’q problematikali’q bag’darlardi’n’ ilimiy ko’z qarastan u’yreniw. Ma’mleketimizde a’melge asi’ri’li’p ati’rg’an reformalardi’n’ ha’m ma’mleketlik bag’darlamalardi’n’ wori’nlani’w bag’dari’n sa’wlelendiriwge tarawli’q gazetalardi’n’ xi’zmetin ashi’p ko’rsetiw

To’rtinshiden: Gazetani’n’ janrli’q wo’zinsheliligin u’yreniw wolardi’ basqada tarawli’q gazetalardag’i’ janrlar rawajlani’wi’ menen sali’sti’rmali’ tu’rde analizlew

Besinshiden: Pitkeriw qa’nigelik jumi’si’ boyi’nsha ali’p bari’lg’an ilimiy izleniw jumi’slari’ni’n’ na’tiyjeleri boyi’nsha juwmaqlar jasaw, usi’ni’slar kigiziw.

Alti’nshi’dan: «Ustaz joli’» gazetasi’nda do’retiwshilik miynet yetip ati’rg’an ta’jiriybeli jurnalistlerdin’ xi’zmetin u’yreniw wolarg’a baha beriw.

Jetinshiden: «Ustaz joli’» gazetasi’ni’n’ 17-ji’lli’q tariyxi’y jarati’w.

Usi’ maqsetten kelip shi’g’i’p pitkeriw qa’nigelik jumi’si’mi’zdi’ u’lken 3 bapqa ha’m jeti paragrafqa bo’ldik. Jumi’si’mi’zdi’n’ birinshi babi’ «Tarmaqli’q gazetalar ha’m wolardi’n’ g’alaba xabar qurallari’nda atunan worni’» dep ataladi’. Bul bapti’ yeki bo’limge u’yrengendi maqul ko’rdik.

[1] И.А.Каримов Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды еледе жетилистириў ҳәм пуқаралық жәмийетти қурыў концепциясы. «Еркин Қарақалпақстан» 2010-жыл 16-ноябрь

1. Qaraqalpaqstanda tarmaqli’q gazetlar ha’m wolardi’n’ rawajlani’w basqi’shlari’.
2. «Ustaz joli’» gazetasi’ni’n’ payda boli’w tariyxi’.

Pitkeriw qa’nigelik jumi’si’mi’zdi’n’ II babi’. «Ustaz joli’» gazetasi’ni’n’ tematikali’q problematikali’q bag’darlari’» dep atali’p, bul bap ta yeki bo’limnen ibarat:

1. «Ustaz joli’» gazetasi’nda bilimlendiriwdi rawajlandi’ri’w ma’selesi.
2. «Ustaz joli’» gazetasi’nda ruwxi’y-ag’arti’w ma’seleselerinin’ sa’wleleniwi.

Pitkeriw qa’nigelik jumi’si’mi’zdi’n’ III babi’ «Ustaz joli’» gazetasi’ni’n’ janrli’q rawajlani’w wo’zinsheligi»-dep atali’p bul bap tiykarg’i’ u’sh bo’limenen ibarat.

1. Informattsiyali’q janrlar
2. Analitikali’q janrlar
3. Ko’rkem publistikali’q janrlar.

4. İlimiy jan’ali’g’i’. Pitkeriw qa’nigelik jumi’si’mi’zdi’n’ ilimiy jan’ali’g’i’ bu’gingi ku’nde ja’miyetlik pikirdin’ qa’liplesiwinde maydang’a shi’qqan ku’ndelikli baspaso’zdin’ soni’n’ ishinde tarmaqli’q gazeta bolg’an Ustaz joli’ni’n’ tariyxi’n izertlew menen birge, gazetani’n’ bu’gingi ku’nnin’ mashqalalari’n jetiskenliklerin ali’p shi’g’i’wdag’i’ worni’na ilimiy ko’z qarastan belgilewden ibarat. «Ustaz joli’» gazetasi’ni’n’ tariyxi’» birinshi ma’rte ilimiy ko’z qarastan u’yrenilip ati’r. Qaraqalpaqstan baspa so’zinin’ tariyxi’y basqi’shlari’n u’yren boyi’nsha ilimpazlar ta’repinen islengen ayi’ri’m miynetlerde[2] ilimiy toplamlarda[3], kandidatli’q dissertatsiyalarda[4], magistrlik dissertatsiyalarda, ayi’ri’m pitkeriw

[2] О.Юсупов. Г.Досымбетова. Нөкис «Полиграфкомбинатына» 75-жыл Н. «Карақалпақ» 1991
[3]
[4] Бекбаўлиев Д «Давлат мустақиллиги йилларда Карақалпогистон даврий матбуоти (1991-1995-й) т.ф.н. автореферат ДошДУ.1997
Абдимуратов А. Публицистика Т.Қайыпбергенова: спецмфмка, тематика, жанрова стилистического особенности. Автореферат кан.ф.н. Таш. 1997.
Палўанов Б. Қарақалпақ абадиятида эссе жанри ф.ф.н.дисс Н. ҚГУ 2002
Қожиқбаева З. Художественной очерк в современной Қарақалпакской литературе (1980-1990г) Афтореферат. К.ф.н. КГУ 1998г.
Калеккев Қ Мустақмллмк даври Қарақалпогистон литература тарийхый шахслар толқини. Фил.ф.н Автореферат УзМУ. 2004.

qa’nigelin jumi’slari’nda Qaraqalpaqstan baspaso’zinin’ tariyxi’y basqi’shlari’ janrli’q o’zgesheliklerin belgili da’rejede u’yrenilgen. Biraq usi’ bu’gingi ku’nge shekem Jurnalistika qa’nigelin 2009-ji’li’ pitkergen Venera Sadullaevani’n’ «Ustaz joli’» gazetasi’ni’n’ «Ustazlar portretinin’ jasali’wi’» atamasi’ndag’i’ pitkeriw qa’nigligin jumi’si’nan basqa jumi’s islenbegen. Sonli’qtan, biz, pitkeriw qa’nigelik jumi’si’mi’zda «Ustaz joli’» gazetasi’ni’n’ ha’m tariyxi’n ha’m problematikasi’n ha’m janrli’q wo’zgesheligin ilimiy ko’z qarastan u’yrenemiz.

**Jumi’sti’n’ teoriyali’q ha’m a’meliy a’hmiyeti**

Pitkeriw qa’nigelik jumi’si’mi’z woqi’w bag’darlamasi’ni’n’ jurnalistika qa’nigeliginin’ bakalavr bag’dari’ boyi’nsha «Jurnalistika tariyxi’», «Jurnalistikani’n’ do’retiwshilik teoriyasi’ ha’m metodikasi’ pa’nlerin teoriyali’q jaqtan jetilistiriwde ja’rdemshi qural woqi’w metodikali’q qollanba xi’zmetin atqari’wi’ mu’mkin. Soni’n’ menen birge gazetani’n’ tariyxi’ menen qi’zi’g’i’wshi’larg’a da bag’darlama xi’zmetin atqaradi’.

**Ilimiy jumi’sti’n’ teoriyali’q-metodologiyali’q tiykari’**

İzertlew obyektimiz ushi’n tan’lang’an temani’ u’yreniwde Wo’zbekstan Respublikasi’ Prezidenti I.A.Karimovti’n’ miynetlerine[5] su’yendik. A’lbette jurnalistika tariyxi’n baspaso’z tariyxi’n izertlew ushi’n ha’m aldi’n’i’zg’a qoyg’an temani’ ashi’p beriw ushi’n jurnalistika tariyxi’n izertlewshi ali’mlardi’n’ ilimiy izlenislerine miynetlerine[6] gazeta jurnal tigindilerine mu’ra’jat yettik. Biz pitkeriw qa’nigelik jumi’si’mi’zda tek g’ana Wo’zbekstan ha’m Qaraqalpaqstanni’n’ g’alaba xabar qurallari’ boyi’nsha ilimiy izleniwler ali’p barg’an ilimpazlardi’n’ pikirleri menen sheklenip qalmastan. V.V.Uchenova, E.P.Proxorov, M.Cherepaxov, S.M.Gurevich, Ya.N.Zasurskiy, V.V.Voroshilov ha’m tag’i’ da basqa ilimpazlardi’n’ miynetlerin u’yrendik. Wolardi’n’ jurnalistika teoriyasi’ boyi’nsha aytqan pikir ha’m usi’ni’slari’n, ko’z qaraslari’n yesapqa aldi’q.

[5] Каримов И.А Шу азаз ватан барчамизники. Т. «Узбекстан» 1995; Каримов И.А Юксак маьнавият-енгилмас куч. Т. «Маьнавият» 2008й; Каримов И.А Энг асосий мезон ҳаёт хақықатини акс эттирич. Т.2002.

[6] Абдуазизова Н. Миллий журналистикамиз тарихи Т.»Шарқ» I-II том. 2008-й; Дустқараев Б Узбекистан журналистикаси тарихи. Т.2009; Муминов Ф Журналистика ижтимой институт сифатида Т. «Университет» 1988-ж; Ерназаров Қ. Ҳәзирги заман журналистикасы Т. 2001й; Қожықбаева З Жанрлар Макет Дизайн. Нөкис «қарақалпақстан» 2011-ж

Pitkeriw qa’nigelik jumi’smi’zdi’n’ izertlew obyekti «Ustaz joli’» gazetasi’ni’n’ redaktsiyasi’ boli’p, biz woni’n’ redaktsiyadag’i’ sonday-aq Respublikami’zdan ma’limleme resurs worayi’nda saqlawli’ turg’an tigindilerinen paydalandi’q. Biz pitkeriw qa’nigelik jumi’si’mi’zdi’n’ maqset ha’m wazi’ypalari’nan kelip shi’g’i’p ko’birek usi’ gazetani’n’ keyingi won ji’l ishindegi xi’zmetine itibardi’ qaratayi’q. Pitkeriw qa’nigelik jumi’si’mi’zdi’n’ ko’lemi 55 betten ibarat boli’p, son’i’n’da paydalang’an a’debiyatlar dizimi berilgen.

# I BAP. TARMAQLIQ GAZETALAR HA'M WOLARDIN' G'ALABA XABAR QUARALLARINDA TUTQAN WORNI

## I.1. QARAQALPAQSTANDA TARMAQLIQ GAZETALAR HA'M WOLARDIN' RAWAJLANIW BASQIShLARI

G'a'rezsizlikke yeriskennen keyin 20 ji'l ishinde ma'mleketimizde ja'miyetti demokratiyali'q bag'dardarda rawajlandi'ri'wda ko'meklesiwshi jan'a g'alaba xabar qurallari'ni'n' qa'liplesiwi ja'miyetlik siyasiy tarawdag'i' yen' a'hmiyetli wo'zgerislerdin' biri boldi'.

So'z yerkinligi xuqi'qi'y demokratiyali'q reformalardi' a'melge asi'ri'w da'wirinde ayri'qsha wori'ndi' tutadi'. Huqi'qi'y ma'mleketti quri'w birinshi gezekte so'z yerkinligin ta'miyinlewdi talap yetedi. Soni'n' ushi'n da Prezidenttin' g'a'rezsizligimizde da'slepki ku'nlerinen baslap-aq ja'miyetimezde pikirler ko'z qaraslar ren'be-ren'ligine yerisiwimiz kerek[7] dep qayta-qayta ta'kirarlawi' quri'dan quri' yemes.

So'z yerkinligi tek puqaralarg'a g'ana yemes ba'lkim g'alaba xabar qurallari' ha'm de ja'miyetlik birlespelerdin de huqi'qi' yekenligi huqi'qi'y normativ xu'jjetlerde wo'z tasti'yli'g'i'n tawi'p ati'r[8]. G'a'rezsizlik da'wirinde, Wo'zbekstan Respublikasi' puqaralari'ni'n' pa'rawan turmi'si'n ta'miyinleytug'i'n xuqi'yqi'y tiykarlar jaratadi'. A'sirese, g'alaba xabar qurallari'ni'n' huki'qi'y tiykari'nda jetilistiriw boyi'nsha na'tiyjeli jumi'slar ali'p bari'ldi'. Sonli'qtan da, ja'miyette ju'zege kelip ati'rg'an waqi'ya jan'ali'qlardi' tez ha'm i'qsham jetkerip beriwshi xi'zmet salasi' (g'alaba xabar qurallari') a'lle qashan sotsialli'q institut si'pati'nda qa'liplesip u'lgerdi.

Wo'zbekstan Respublikasi' Prezidenti İslam Karimov 2010-ji'ldi'n' 12-noyabr sa'nesinde boli'p wo'tken Oliy Majilistin' Ni'zamshi'li'q palatasi' ha'm senati'ndag'i' qospa ma'jilisinde shi'g'i'p so'ylegen bayanati'nda «Bu'gin biz demokratiyali'q protsesslerdi teren'lestiriw xali'qti'n' siyasiy belsendiligin artti'ri'w puqaralardi'n' ma'mleketimiz siyasiy ha'm ja'miyetlik turmi'si'ndag'i'

---

[7] Каримов А.И «Узбекистоннинг ўз истиқлол ва тараққиёт йўли»
[8] Узбекистон Республикаси Конституциясига шарх. Т.2008. 255-266.

a'meliy qatnasi' haqki'nda so'z yeter yekenbiz a'lbette, ma'limleme yerkinligin ta'miyinlemesten, g'alaba xabar qurallari'n adamlar wo'z pikir ideyalari'n boli'p ati'rg'an waqi'yalarg'a wo'z mu'na'sibeti ha'm pozitsiyasi'n yerkin bul maqsetlerge yerisip bolmasli'g'i'n wo'zimiz jaqsi' bilemiz[9] dep ko'rsetken yedi. Haqi'yqati'nda da bu'gingi globallasi'w da'wirinde milliy baspaso'zimizdin' sapasi'n ha'm ta'sirshen'ligin artti'ri'w na'tiyjesinde rawajlang'an ma'mleketlerdin' g'alaba xabar qurallarda yerisken joqari' talaplar ha'm wo'lshemler da'rejesine jetkeriw ushi'n imkan beretug'i'n mu'mkinshiliklerdi jarati'w maqsetinde g'alaba xabar qurallari' salasi'ndag'i' ni'zamshi'li'qti', xuqi'qi'y tiykarlardi' jetilistiriwge ayri'qsha itibar qarati'lmaqta. Ma'mleketimizde wo'tken ji'llar dawami'nda a'sirese keyingi won ji'lda g'alaba xabar qurallari'n liberalasti'ri'w so'z erkinligin ta'miyinlewge qarati'lg'an ken' tu'rdegi sho'lkemlestiriw bag'dari'ndag'i' xuqi'qi'y ilajlar a'melge asi'ri'ldi'. Yelimizde yen' da'slep g'alaba xabar qurallari'n ta'miyinleytug'i'n demokratiyali'q talap ha'm standartlarg'a toli'q juwap beretug'i'n bekkem ni'zamshi'li'q bazasi' jarati'ldi'. Wo'zbekstan g'a'resizligin yerisken jigirma ji'l ishinde g'alaba xabar qurallari'ni'n' jumi'slari'n jetilistiriw ha'm xuqi'qi'y ta'rtipke sali'w maqsetinde won bir ni'zam Wo'zbekstan Respublikasi' prezidenti ha'm Ministler Kabinetinin' 40 tan aslam qarar ha'm pa'rmanlari' 600 den aslam ni'zam asti' xuqi'qi'y normativ xujjetler qabi'l yetiledi. Bugingi ku'nde Qaraqalpaqstan Respublikasi'nda 5 Respublikali'q, 13 tarmaqli'q, 2 qalali'q, 14 rayonli'q, 3 jeke menshik gazetalar 9 jurnal 1 byulleten, bir ma'limleme agentligi yeki kitap baspasi' yeki radio yesittiriw kanallari' bes teleko'rsetiw kanallari' xi'zmet yetpekte. Bu'gingi ku'nde g'alaba xabar qurallari'ni'n' ja'miyettegi worni'n jetilistiriw baspaso'zdin' xi'zmetin ja'nede liberallasti'ri'w wolardi'n' biyg'a'rezligin ha'm yerkinligin a'melde ta'miyinleniw ma'seleleri turmi'si'mi'zda reformalasti'ri'w ha'm jan'alaw bag'dari'nda aldi'mi'zda turg'an basli' wazi'ypalardi'n' biri boli'p tabi'ladi'. Bul bolsa jan'a siyasiy sharayatti'

[9] Каримов И.А Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды еледе тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти қурыў концепциясы. Т. Узбекстан 2010й.28-бет

g’alaba xabar qurallari’ salasi’ndag’i’ demokratiyali’q reformalardi’ ja’ne de teren’lestiriwdi ta’miyinleydi.

Bu’gingi ku’nde g’alaba xabar qurallari’ni’n’ ishinde tarmaq gazetalari’ni’n’ da worni’ ayri’qsha. Wolar ku’ndelikli baspaso’zler arasi’nda ba’sekege shi’damli’ ken’ woqi’wshi’lar auditoriyasi’na iye. Soni’ da ayti’p wo’tiwimiz kerek tarmaq gazetalar belgili bir tarawdi’n’ ku’ndelikli gazetasi’ boli’p, wolar sol tarawdi’n’ shen’berindegi ma’selelerdi sa’wlelendiriw menen shug’i’llanadi’. Ma’selen: «Ustaz joli’» ja’miyetlik-siyasiy ruwxi’y ha’m bilimlendiriw gazetasi’ tarmaq gazetasi’ boli’p woni’n’ sho’lkemlestiriwshileri Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Xali’q bilimlendiriw ministrligi, Qaraqalpqstan Respublikasi’ Ruwxi’y u’git-na’siyatlaw worayi’, Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ministirler Ken’esi, Worta arnawli’, Ka’siplik bilimlendiriw basqarmasi’ ha’m redaktsiyani’n’ miynet ja’ma’a’ti. Gazeta 1998-ji’ldi’n’ 4-iyun sa’nesinen baslap shi’g’a baslag’an. Gazeta shi’g’a baslag’an 14 ji’l dawami’nda respublikami’zg’a beligili ta’jiriybeli jurnalistlerden A’bdimurat Atajanov, Q.Tilewov, Q.Bayniyazov, D.Habibullaev ha’zirgi waqi’tta Jetkerbay O’tegenovlar gazetag’a basshi’li’q yetip kelmekte. Gazetani’n’ su’reni «Aqi’li’ ka’mil ilimi zor, bilimli yel bolmaydi’ xor» -dep ataladi’.

Bu’gingi ku’nde Qaraqalpaqstan respublikasi’nda ku’ndelikli shi’g’i’p turg’an tarmaq gazetalari’ni’n’ sani’ won u’sh boli’p wolar to’mendegishe ko’zge taslanadi’:

## «Jipek joli’» gazetasi’

1999-ji’ldan baslap shi’g’a baslag’an 2007-ji’ldi’n’ 8-fevral sa’nesinde ma’mleketlik qayta dizimnen wo’tken. Gazetani’n’ formati’ F-4 boli’p 20-28 bet a’tirapi’nda shi’g’adi’. Bu’gingi ku’ngi nusqasi’ 834 dana. Gazeta daydjest gazeta boli’p qaraqalpaq, o’zbek, rus tillerinde ayi’na yeki ma’rte shi’g’ari’ladi’. Gazetani’n’ maqseti Respublika xalqi’na ma’limleme jetkeriw daydjest materiallari’n tarqati’w ha’m jari’ti’p beriwden ibarat. Gazetani’n’ bas redaktori’

Ta’jibaev A’jiniyaz Ta’jibaevich. Gazetani’ sho’lkemlestiriwshi ma’keme Qaraqalpaqstan respublikasi’ matbuot va axborot agentligi. Gazetani’n’ ma’nzili No’kis qalasi’ Qaraqalpaqstan ko’shesi 9-jay.

**«G’a’ziyne» gazetasi’**

1999-ji’ldi’n’ 28-dekabr sa’nesinen baslap shi’g’a baslag’an. Gazeta A-3, A-4 formatlari’nda, Qaraqalpaq, o’zbek, wori’s tillerinde ayi’na yeki ma’rte shi’g’ari’ladi’. Gazeta 2007-ji’l 8-fevral sa’nesinde ma’mleketlik qayta dizimnen wo’tken. Gazeta ha’zirgi waqi’tta 2050 nusqada shi’g’ari’lmaqta. Gazetani’n’ maqseti respublika ni’zamlari’n ha’m sali’qqa baylani’sli’ materiallarda jari’ti’p bari’w. Gazetani’ sho’lkemlestiriwshi ka’rxana «G’a’ziyne» juwapkershiligi sheklengen ja’miyet. Gazetani’n’ redaktori’ Jumanazarova Zuxra. Ma’nzili: No’kis qalasi’, «Turan» ko’shesi. 23-u’y.

**«Qaraqalpaqstan xawazi’» gazetasi’**

1994-ji’ldi’n’ 30-avgust sa’nesinen shi’g’a baslag’an. 2007-ji’ldi’n’ 8-fevral sa’nesinde ma’mleketlik qayta dizimnen wo’tken. Gazeta A-3 formati’nda 8 bet ko’leminde Qaraqalpaq tilinde ayi’na bir ma’rte shi’g’ari’ladi’. Tiraji’ 830 nusqa. Gazetani’n’ maqseti Qaraqalpaqstan respublikasi’ ja’miyetlik-ekonomikali’q siyasiy ha’m ma’deniy tarawlarda O’zXDPda boli’p ati’rg’an waqi’yalardi’ ken’ ja’miyetshilikke jetkerip bari’wdan ibarat. Sonli’qtan da gazeta Wo’zbekstan XDP QR Ken’esinin’ ja’miyetlik siyasiy gazetasi’ dep ataladi’. Gazetani’n’ sho’lkemlestiriwshisi O’zXDP QR Ken’esi. Gazetani’n’ bas redaktori’ M.Ayapov. Gazeta redaktsiyasi’ni’n’ ma’nzili No’kis qalasi’ «G’a’rezsizlik» ko’shesi 50-jay

**«Ma’deniyat ha’m Sport» gazetasi’**

1993-ji’ldi’n’ yanvar ayi’nan baslap shi’g’a baslag’an 2007-ji’ldi’n’ 8-dekabr sa’nesinde ma’mleketlik qayta diziminen wo’tken. Gazeta A3 formati’nda

Qaraqalpaq tilinde ayi’na u’sh ma’rte shi’g’adi’. Gazetani’n’ nusqasi’ 2366 dana. Aldi’na qoyg’an maqseti Respublikali’q Ma’deniyati’ ha’m sporti’na tiyisli bolg’an materiallardi’ sonday-aq ma’deniyat ha’m sport ministirliginin’ jumi’slari’n sa’wlelendirip bari’wdan ibarat. Gazeta ma’nawiy ag’arti’w ja’miyetlik siyasiy gazeta boli’p woni’n’ sho’lkemlestiriwshinen Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ma’deniyat ha’m sport isleri Ministri. Gazetani’n’ ma’nzili No’kis qalasi’ Qaraqalpaqstan ko’shesi 9-jay. Gazetani’n’ bas redaktori’ Abdiev Allanazar İdreysovich.

## «Shi’paker» gazetasi’

Ma’nawiy mag’rifiy ja’miyetlik siyasiy gazeta boli’p 1998-ji’ldan shi’g’a baslag’an. Gazetani’ sho’lkemlestiriwi Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Densawli’qti’ saqlaw ministirligi. Gazeta Qaraqalpaq, wori’s, o’zbek, tillerinde ayi’na bir ma’rte shi’g’ari’ladi’. Gazeta A3, A4 formatlari’nda 4600 nusqada tarqati’ladi’. Gazetani’n’ aldi’na qoyg’an maqseti meditsina tarawi’na tiyisli jan’ali’qlardi’ mashqalardi’ sonday-aq densawli’qti’ saqlaw ministrliginin’ jumi’slari’n jari’ti’p beriwden ibirat. Gazetani’n’ redaktori’ Danebaev Jaxit. Gazetani’n’ ma’nzili No’kis qalasi’ Dosli’q gu’zari’. 152-jay.

## «Ti’ni’shli’q saqshi’si’» gazetasi’

Qaraqalpaqstan Respublikasi’ İshki İsler Ministriliginin’ ja’miyetlik siyasiy gazetasi’ boli’p 2003-ji’ldi’n’ 1-may sa’nesinen shi’g’i’p kelmekte. 2010-ji’ldi’n’ 2-fevral sa’nesinde ma’mleketlik dizimnen qayta wo’tken. Gazetani’n’ aldi’na qoyg’an basli’ maqseti xalqi’mi’zdi’n’ ti’ni’shli’g’i’n ta’miyinlew menen baylani’sli’ bolg’an hu’jjetlerdi xuqi’qi’y aktlerdi ha’m de ishki isler Ministrliginin’ jumi’slari’n jari’ti’p bari’wdan ibarat. Gazeta A3 formati’nda 4-8 bet ko’leminde Qaraqalpaq, wo’zbek, rus tillerinde ayi’na u’sh ma’rte

shi'g'ari'ladi'. Gazetani'n' bu'gingi ku'ndegi bir ma'rtelik tiraji' 3101 dana. Gazetani'n' bas redaktori' Abdimuratov Abdisamet Uzaqbergenovich. Gazetani'n' ma'nzili: No'kis qalasi' A.Timur ko'shesi 112-jay.

### «Gulayi'm» gazetasi'

Qaraqalpaqstan Respublikasi' Hayal Qi'zlar Komitetinin' ja'miyetlik siyasiy gazetasi' boli'p Qaraqalpaq, wo'zbek, tillerinde ayi'na bir ma'rte A3 formati'nda 4 bet ko'leminde 1365 nusqada shi'g'ari'ladi'. Gazeta 2005-ji'ldan shi'g'a baslag'an. 2007-ji'ldi'n' 12-fevral sa'nesinde qayta dizimnen wo'tken. Gazetani'n' maqseti Respublikali'q hayal-qi'zlari'ni'n' turmi'si', jetiskenliklerin jari'ti'p bari'w. Gazetani' sho'lkemlestiriwshiler Qaraqalpaqstan Respublikasi' Hayal-Qi'zlar Komiteti, «Qoraqalpog'iston tongi» gazetasi' miynet ja'ma'a'ti. Gazetani'n' bas redaktori' İbragimova Zuxra Ametovna.

### «G'a'rezsizlik ha'm ni'zam»- «İstiqlol va Qonun» gazetasi'

Qaraqalpaqstan Respublikasi' huqi'qti' qorg'aw organlari'ni'n' ja'miyetlik xuqi'qi'y gazetasi'. Gazetani'n' sho'lkemlestiriwshisi Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Prokuratasi'. Gazeta A3 formati'nda 4-8 bet ko'leminde 1996-ji'ldi'n' 1-sentyabr sa'nesinen shi'g'a basladi'. Gazetani'n' bu'gingi tarqati'li'w nusqasi' (bir ma'rtelik) 23650 dana boli'p gazetani'n' bas redaktori' Habibullaev Paraxat Smetovich.

### «Qaraqalpaq Universiteti» gazetasi'

Berdaq ati'ndag'i' Qaraqalpaq Ma'mleketlik Universitetinin' ja'miyetlik-siyasiy gazetasi'. Gazeta 1999-ji'ldi'n' iyul ayi'nan baslap shi'g'a baslag'an. Formati' A3 ko'lemi 4-8 bet, tiraji 400 dana gazetani'n' redaktori' Hurmet Atajanov.

**«Mekan» gazetasi'**

Turkmen milliy worayi'ni'n' ja'miyetlik siyasiy gazetasi'. 2001-ji'ldan baslap tu'rkmen tilinde ayi'na yeki ret shi'g'ari'ladi'. Tiraji' 400 dana. Gazetani'n' sho'lkemlestiriwshisi Qaraqalpaqstan Respublikasi' Tu'rkmen milliy worayi'. Gazetani'n' redaktori' Abaev Arazmuxammed Allabaevich.

**«Ka'siplik bilimlendiriw» gazetasi'**

Ko'rkem a'debiy, a'meliy ha'm ruwxi'y-ag'arti'wshi'li'q gazeta. Gazeta 2009-ji'ldan baslap ayi'na bir ma'rte qaraqalpaq, wori's, wo'zbek, inglis tillerinde shi'g'i'p kelmekte. Gazetani'n' formati' A3, A4 boli'p ha'zirgi waqi'tta 2380 danada tarqati'lmaqta. Gazetani'n' sho'lkemlestiriwshisi Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esi, Worta arnawli' ka'sip-wo'ner ta'lim basqarmasi'.

**«Qaraqalpaq a'debiyati'» gazetasi'**

Qaraqalpaqstan Respublikasi' jazi'wshi'lar sho'lkemi ha'm «Qoraqalpog'iston tongi» gazetasi'ni'n' ruwxi'y-ag'arti'w, ko'rkem a'debiy gazetasi' boli'p gazetag'a Baxamdulla Nurabi'llaev redaktorli'q yetedi. Gazeta 2010-ji'ldi'n' 5-oktyabrinen shi'g'a baslag'an. Xa'zirgi ku'ndegi tarqati'li'w tiraji' 1210 dana. Gazeta Qaraqalpaq, wori's, tillerinde ayi'na bir ma'rte shi'g'ari'ladi'.

## I.2. «USTAZ JOLI» GAZETASININ' PAYDA BOLIW TARİYXI

«Ustaz joli'» gazetasi' joqari' ha'm worta arnawli' ka'siplik bilimlendiriw bo'liminin' 2009-ji'l ushi'n bir ji'lli'q İs jobasi'.

1.Wo'zbekstan Respblikasi' Prezidentinin', Ministler Kabinetinin' pa'rman ha'm qararlari' ha'm de «Bilimlendiriw haqqi'nda»g'i' Ni'zamni'n', «Qa'nigeler

tayarlawdi’n’ milliy bag’darlamasi’»ni’n’ turmi’si’mi’zda wori’nlani’w bari’si’ berilip bari’ladi’.

2.2009-ji’ldi’n’ Prezidentimiz ta’repinen «Awi’ldi’ rawajlandi’ri’w ha’m abadanlasti’ri’w ji’li’» dep atali’wi’na baylani’sli’ gazetami’zda usi’ bag’darda ji’l dawami’nda materiallar ja’riyalani’ladi’.

3.14-yanvar Wo’zbekstan Armiyasi’ ku’nine arnali’p material beriledi.

4. Joqari’ ha’m worta arnawli’ woki’w wori’nlari’nda sabaqlar ha’m ko’rsetpeli qurallar menen ta’miyinleniwi haqqi’nda maqalalar beriledi.

5. Pedagog minberi aydar.

6. «İnglis tili» klubi’.

7. Pa’n olimpiada-2009.

8. Siz Ni’zamdi’ bilesiz be?

9.Bilimlendiriw jan’ali’g’i’.

10.Kolledj ha’m shan’araq.

11. 8-Mart, Nawri’z bayramlari’nan materiallar beriledi.

12. Akademiyali’q litsey turmi’si’.

13. 9-aprel Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Konstititsiyasi’na arnap materiallar beriledi.

14. Xosh xabar aydar.

15.Xatlar, xatlar, xatlar aydar.

16.Wo’zbekstan Respublikasi’ G’a’resizliginin’ 18-ji’lli’g’i’na arnap materiallar beriw

17. Tashkent MPİ No’kis filiali’ turmi’si’nan material beriw.

18.A’miwda’rya rayoni’ ka’sip-wo’ner kolledji turmi’si’nan material beriw

19. 1-iyun Balalardi’ qorg’aw ku’ni.

20.. NMPİ qasi’ndag’i’ 1-sanli’ akademiyali’q litsey turmi’si’nan (aprel)

21.Wo’zbekstan ha’m Qaraqalpaqstan Xali’q bilimlendiriw standartlari’ tiykari’nda (MBS) ilim, bilimlendiriw ma’kemelerinde ali’p bari’li’p ati’rg’an jumi’slardi’n’ bari’si’n sa’wlelendirip bari’w.

22. Shi’mbay ka’sip-wo’ner kolledji (iyul)

23. Woqi’w wori’nlari’ndag’i’ Monitoring woraylari’nan materiallar beriledi.

24. No’kis-awi’l xojali’q ka’sip-wo’ner kolledji (avgust)

25. Jan’a woqi’w ji’li’na tayarmi’si’z? (iyul, avgust, sentyabr).

26. Avgust ken’esleri aldi’nan materiallar.

27. Veteran ustaz.

28. Bizge jazadi’ turaqli’ aydar.

29. Ustazlar ku’ni 1-oktyabr

30. Sport jan’ali’qlari’

31 No’kis turmi’s xi’zmeti kolledji (oktyabr)

32. QMU 1-sanli’ akademiyali’q litsey (dekabr)

33. Xuqi’qi’mi’zdi’ u’yreneyik.

34. Minnet, wo’ndiris, bilimlendiriw aldi’n’g’i’lari’ tuwrali’ ji’l boy materiallar beriledi.

35. NPMİ, TATU, TashPAU no’kis filiallari’ ha’m QMU turmi’si’nan ji’l dawami’nda materiallar beriledi.

Bo’lim bulardan basqada redaktsiyag’a kelip tu’sken materiallar menen xatlardan paydalanadi’. Sonday-aq ku’nnin’ talabi’na say qi’zi’qli’ ha’m mazmunli’ materiallar turaqli’ berilip bari’ladi’. Bul du’zilgen is jobasi’ qati’p qalg’an na’rse yemes. Ha’r ku’ngi turmi’s jan’ali’qlarg’a bay. Sonli’qtan bul du’zilgen joba ha’zirgi ku’nnin’ talabi’nan shi’qqan jan’ali’q ha’m wo’zgerisler menen toli’qti’ri’li’p bari’la beriledi.

## II BAP. «USTAZ JOLI» GAZETASININ’ TEMATİKALIQ PROBLEMATIKALIQ BAG’DARLARI

### II.1. «USTAZ JOLI» GAZETASININ’ BİLİMLENDİRİW RAWAJLANDIRIW MA’SELESİ

Ma’mleketimizde milliy kadrlardi’ tayarlaw ha’m qayta taryalaw wolardi’n’ bilim da’rejesin du’nya ju’zlik standartlari’ talaplari’ da’rejesine ko’teriw bag’dari’nda a’melge asi’ri’li’p ati’rg’an reformalar bu’gingi ku’nde wo’z na’tiyjesin bermekte. Bugingi ku’nde tek Qaraqalpaqstanni’n’ wo’zinde uli’wma bilim beriw mektepleri 322 ge mektepke shekemgi ta’rbiya ka’rxanalari’, 17 ba’rkamal awlad balalar worayi’, 21 muzi’ka ha’m ko’rkem-wo’ner mektebi, 30 balalar ha’m wo’spirimler sport mektepleri 100 ge shamalas ta’rbiya arnawli’ bilimlendiriw kolledijleri ha’m olardi’n’ ori’nlardag’i’ bo’limleri xalqi’mi’zdi’n’ iyeligi ushi’n xi’zmet yetpekte. A’lbette bunday a’diwli ha’mde a’hmiyetli ma’selelerdi a’melge asi’ri’wda wolardi’ qollap kuwatlawda bilimlerdiriw salasi’ndag’i’ jetiskenliklerdi u’git-na’siyatlawda g’alaba xabar qurallari’ni’n’ soni’n’ ishinde baspa so’z xi’zmetinin’ worni’ ayri’qsha. «Ustaz joli’» gazetasi’ da bunday muqaddes wazi’ypag’a belsene u’les qosi’p ati’rg’ani’ni’n’ guwasi’ bolami’z. A’sirese bilimlendiriw tarawi’n jetilistiriw ha’m de rawajlandi’ri’w bag’dari’ndag’i’ Prezident pa’rman ha’m qararlari’, ma’mleketlik ni’zamlar, xu’kimetlik qararlar soni’n’ menen birge bilimlendiriw tarawi’ni’n’ yen’ ta’jiriybeli woqi’ti’wshi’lari’ qa’nige metodistleri professor oqi’ti’wshi’lari’ ta’repinen usi’ni’s yetilgen is ta’jriybeli ilimiy ko’z-qaraslari’ turaqli’ tu’rde ja’riyalani’p bari’ladi’.

«Ustaz joli’» gazetasi’ bilimlendiriw tarawi’nda xi’zmet yetip ati’rg’an qa’nigeler ushi’n ha’ptelik informatsiyali’q gazeta yemes, al haqi’yqi’y metodikali’q bag’darlama xi’zmetin de atqari’p kelmekte.

Gazeta betlerinde bilimlendiriw perzent ta’rbiyasi’ ka’mil insandi’ jetilistiriw bag’dari’ndag’i’ ma’mleketlik bag’darlamalar da wori’n alg’an. «Bekkem shan’araq ji’li’» ma’mleketlik bag’darlamasi’ haqqi’nda Wo’zbekstan Respublikasi’ Prezidentinin’ kararlari’ni’n’ («Ustaz joli’» 2012-ji’l 1-mart) gazeta

betinde ja’riyalani’w xalqi’mi’z tariyxi’nda yen’ ulli’ a’hmiyetli waqi’yalardi’n’ biri si’patinda qabi’l yetildi.

Ja’miyetimizdin’ tiykari’ bolg’an shan’araq instituti’n bunnan bi’lay da bekkemlew ha’m rawajlandi’ri’w shan’araqlardi’n’ a’sirese jas shan’araqlardi’n’ xuqi’qi’y ja’ne sotsialli’q-ekonomikali’q ma’plerin qorg’aw ha’m qollap quwatlawdi’ ku’sheytiw boyi’nsha ali’p bari’li’p ati’rg’an barli’q islerdi sapa jag’i’nan jan’a basqi’shqa ko’teriw, fizikali’q jaqtan salamat, ruwxi’y jetik ja’ne ha’r ta’repleme rawajlang’an ba’rkamal a’wladti’ ta’rbiyalawda shanaraqti’n’ rolin artti’ri’w bekkem salamat shanaraqti’ qa’liplestiriwde ma’ha’llenin’ statusi’n bekkemlewge ha’m ku’sheytiwge baylani’sli’ ani’q maqsetke bag’darlang’an ken’ ko’lemli ilajlar ko’mpleksin a’melge asi’ri’w maqsetinde sonday-aq 2012-ji’ldi’ Wo’zbekstan Respublikasi’nda «Bekkem shan’araq ji’li’» dep ja’riyalani’wi’ mu’na’sebeti menen qabi’l yetilgen ma’mleketlik bag’darda bilimlendiriw tarawi’ xi’zmetkerlerinin’ de aldi’na u’lken wazi’ypalar ju’kleydi.

-«Salamat ana-salamat perzent» printsipine muwapi’q shanaraqti’n’ salamatli’g’an, anali’qti’ ha’m balali’qti’ qorg’aw sistemasi’n bunnan bi’lay da jetilistiriw;

-Ja’miyetimizdin’ ruwxi’y negizlerin bunnan bi’layda rawajlandi’ri’w a’zelden kiyati’rg’an milliy qa’diryatlardi’ saqlaw ha’m bekkemlew a’hmiyetimizde joqari’ ruwxi’yli’g’i’n wortali’g’i’n ken’ qa’liplestiriw milliy mentalitetimizge pu’tkilley jat bolg’an ha’m ku’sheytip barati’rg’a’n ha’r qi’yli’ zi’yanli’ ta’sirlerge qarsi’ turi’wda shanaraqti’n’ worni’n ja’ne a’hmiyetin artti’ri’w;

-Fizikali’q jaqtan salamat ruwxi’y jetik ha’m ha’r ta’repleme rawajlang’an ba’rkamal awladti’ ta’rbiyalawda shan’araqti’n’ rolin ku’sheytiw ha’m ja’ne usi’ maqsette shan’araq instituti’ni’n’ bilimlendiriw ha’m ta’rbiya ma’kemeleri menen o’z ara a’meliy ha’reketin bekkemlew wolardi’n’ ti’g’i’z ha’m na’tiyjeli birge islesiwin ta’miynlew ha’m tag’i’ basqalar.

Gazeta redaktsiyasi’ mine usi’nday a’hmiyetli qararlar ni’zam asti’ hu’jjetleri menen bir qatarda bilimlendiriw salasi’ni’n’ jumi’slari’n jetilistiriwge

qarati’lg’an ko’rsetpeleri de berilip bari’wdi’ wazi’ypa yetip alg’an. Gazetani’n’ 2012-ji’l 9-may sa’nesindegi sani’nda «Uli’wma worta bilim beretug’i’n mektep jaylasqan aymaqtag’i’ mektep jasi’ndag’i’ balalardi’n’ yesabi’n ali’w haqqi’nda ko’rsetpe bir palasi’ (gazetani’n’ bir beti) ko’leminde berilg’en. Bul ko’rsetpede qala ha’m rayonlarda jaylasqan uli’wma bilim beretug’i’n mekteplerge mektep jasi’ndag’i’ balalardi’ toli’q qayti’wdi’ wazi’ypa yetip ju’kleydi. Wolar to’mendegishe ko’riniste berilgen.

1. Uli’wma qag’i’ydalar

2. Mektepke biriktirilgen mikrouchastkasi’na mektep jasi’ndag’i’ balalardi’ uli’wma worta bilim beriw menen toli’q qayti’p ali’wda ta’miyinlew boyi’nsha uli’wma worta bilim beretug’i’n mektep direktori’ wazi’ypalari’.

3. Mektep mikrouchastkasi’na biriktirilgen mug’allimlerdin’ wazi’ypalari’.

4. Rayonli’q (qalali’q) xali’q bilimlendiriw ma’seleleri xi’zmetin metodikali’q ta’miyinlew ha’m mikrouchastkasi’na sho’lkemlestiriw bo’limleri ta’repinen mektep jasi’ndag’i’ balalardi’ yesapqa ali’w monitoringin ali’p bari’w ha’m xu’jjetlerin ju’rgiziw.

5. Wa’layat xali’q bilimlendiriw basqarmasi’ ta’repinen mektep jasi’ndag’i’ balalardi’ yesapqa ali’w monitoringin ali’p bari’w ha’m hu’jjetlerin ju’rgiziw. Soni’n’ menen birge ko’rsetpege tiyisli kestelerde (besinshi bette) bir palasa yetip berilgen.

Ko’rip wo’tkenimizdey gazeta informatsiyali’q bag’dardag’i’ mag’luwmatlar menen bir qatarda metodikali’q qollanbalar ko’rsetpelerdi berip bari’wdi’ da aldi’na maqset yetip qoyg’an. Tap usi’nday ko’rsetpeler gazetani’n’ 2012-ji’ldi’n’ 1-mart sa’nesindegi soni’nda da berilgen. Wol ja’ma’a’tlik sha’rtnamasi’ dep ataladi’. Xaqi’yqattan da bilimlendiriw tarawi’nda jumi’s islewshi xi’zmetkerlerdin’ ja’ma’a’tlik sha’rtnamasi’ ko’rsetip wolardi’n’ huquqlari’ ko’rsetip berilgen. Gazeta tigindilerin u’yrener yekenbiz bunday wog’ada bahali’ hamme biliwi kerek bolg’an xuqi’qi’y normativ hu’jjetlerdi derek gazetani’n’ ha’r bir sani’nda ko’remiz. Gazetani’n’ 2011-ji’l 21-noyabr

sa’nesindegi sani’nda Wo’zbekstan Respublikasi’ni’n’ «Bilimlendiriw xaqqi’ndag’i’» ni’zami’, «Qa’nigeler tayarlawdi’n’ milliy bag’darlamasi’», Wo’zbekstan Respublikasi’ Ministrler Kabinetinin’ 1998-ji’l 13-maydag’i’ «Wo’zbekstan Respublikasi’nda uluwma worta bilim beriwdi sho’lkemlestiriw xaqqi’nda»g’i’ 203-sanli’ Wo’zbekstan Respublikasi’ Ministrler Kabinetinin’ 2008-ji’li’ 13-oktyabrdegi «Wo’zbekstanni’n’ intali’ balalari’n tabi’w ha’m materialli’q xoshametlew haqqi’nda»g’i’ 226-sanli’ qararlari’na muwapi’q uluwma worta bilim beretug’i’n mektep oqi’wshi’lari’ wortasi’nda uluwma bilim beretug’i’n pa’nler boyi’nsha bilim jari’si’n sho’lkemlestiriw ha’m wo’tkeriw ta’rtibin belgilew maqsetinde «Uluwma worta bilim beretug’i’n mektep woqi’wshi’lari’ni’n’ pa’nler boyi’nsha bilim jari’si’n wo’tkeriw haqqi’nda rejesi» ja’riyalang’an. Bul reje XII bo’limnen ibarat boli’p, wonda uli’wma worta bilim beretug’i’n mektep woqi’wshi’lardi’n’ pa’nler boyi’nsha bilim beretug’i’n mektep woqi’wshi’lari’ni’n’ pa’nler boyi’nsha bilim jari’si’n wo’tkeriw ta’rtibi ani’q yetip ko’rsetip berilgen, wonda jari’sti’ wo’tkeriw boyi’nsha barli’q ilajlar qompleksi islep shi’g’i’lg’an. Gazeta redaktsiyasi’ni’n’ bunday qatnas jasawi’ Prezidentimiz I.A.Karimovti’n’ 2010-ji’ldi’n’ 12-noyabr sa’nesinde Oliy Majilistin’ Ni’zamshi’li’q palatasi’ ha’m Senatti’n’ qospa ma’jilisinde jasag’an «Ma’mleketimzde demokratiyali’q reformalardi’ yelede teren’lestiriw ha’m puqarali’q ja’miyetti quri’w kontseptsiyasi’» atamasi’ndag’i’ bayanati’nda ko’rsetip wo’tken informatsiyali’q ashi’qli’g’i’na yerisiw bag’dari’nda a’melge asi’li’wi’ tiyis bolg’an tiykarg’i’ wazi’ypalardan yesaplanadi’.[10]

Bilimlendiriw sistemasi’ni’n’ bu’gingi ku’ndegi tiykarg’i’ wazi’ypasi’ wo’sip kiyati’rg’an jaslardi’ watan su’yiwshi zamanago’y bilim ko’nlikpe ha’m bilimlerin wo’zlestirgen ha’m de ja’miyette ba’rkamal a’wladti’ ta’rbiyalaw boli’p tabi’ladi’. Usi’nday iygilikli islerdin’ a’melde wori’nlani’wi’n tu’sindirip, woni’ ken’ ja’miyetshiliktin’ sanasi’na jetkerip beriwdey minnetli wazi’ypani’ bolsa g’alaba xabar qurallari’ baspa so’z atqaradi’. «Ustaz joli’» gazetasi’ wo’zinin’

[10] Каримов И.А Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды еледе тереңлестириў ҳәм пуқалалық жәмийетти қурыў концепциясы. «Еркин Қарақалпақстан» 2010-жыл 16-ноябрь.

aldi’na mine usi’nday maqsetlerdi qoyg’anli’g’i’n ko’remiz. Usi’nday iygilikli niyetlerdi ju’zege shi’g’ari’w joli’nda g’a’rezsizlik ji’llari’nda Prezidentimiz basshi’li’g’i’nda ta’lim ta’rbiya sapasi’ ha’m na’tiyjeligin zaman talabi’ da’rejesine ko’teriw ma’mleket siyasati’ni’n’ basli’ bag’dari’ni’n’ birine aylandi’.

Buni’n’ ushi’n ma’mleketlik uluwma milliy bag’darlama shen’berinde barli’q sharayatlar jarati’ldi’. Ma’selen, 2004-2009-ji’llarda 8501 mektep jan’adan quri’ldi’, rekonstruktsiya ha’m won’law jumi’slari’ islendi. Wolar zamanago’y woqi’w mektepleri kompyuter klasslari’ ha’m de laboratoriya a’sbap u’skeneleri menen ta’miyinlendi. 2011-ji’ldi’n’ wo’zine 45 mektep jan’adan quri’li’p paydalani’wg’a tapsi’ri’ldi’. 121 mektep rekonstriktsiya ha’m 151 mektep kapital won’landi’[11].

Bu’gingi ku’nde ilim pa’n texnika ha’m islep shi’g’ari’w qurallari’ni’n’ tez pa’t penen rawajlani’wi’ barli’q bilimlendiriw ma’kemelerinde ta’lim ta’rbiya sanasi’n mazmuni’n jan’a ma’kemelerinde ta’lim ta’rbiya sanasi’n mazmuni’n jan’a basqi’shqa ko’teriwdi talap yetpekte. Bul wo’z worni’nda da «Ustaz joli’» usag’an bilimlendiriw tarawi’ni’n’ ku’ndelikli gazetalari’na da joqari’ juwapkershilik ha’m wazi’ypalardi’ ju’kleydi. Sebebi, barli’q ha’reketler mug’allim miyneti arqali’ wo’z na’tiyjesin beredi. Wolardi’n’ aldi’n’g’i’ ta’jiriybelerin sa’wlelendiriw u’git-na’siyatlaw wolarg’a za’ru’r bolg’an jol jobalardi’ wo’z waqti’nda berip bari’wday a’hmiyetli xi’zmetti gazeta atqaradi’. Solay yeken pedagoglardi’n’ hu’jdani’ tu’rde miynet yetiw jarqi’n keleshegimz aldi’ndag’i’ juwapkarshilik ko’rsetip ati’rg’an di’qqat itibarg’a mu’na’sip juwapkershilik talap yetiledi. Bul bolsa keleshek a’wladti’n’ teren’ bilim iyelewinde tiykarg’i’ rol atqaratug’i’n sapali’ sabaq wo’tiwge wo’z sa’wleleniwin tabadi’. Gazetani’n’ 2011-ji’ldi’n’ 12-noyabr sani’nda Sabaq-muqaddes uluwma bilim beriw mekteplerinde woqi’w-ta’rbiya protsesin na’tiyjeli sho’lkemlestiriw boyi’nsha usi’ni’slar berilgen.

---

[11] Бул итибарлы жумыс билимлендириўдиң мазмунын жақсылаўга кең мүмкиншилик туўғызылды. Қарақалпақстан Республикасында усы бағдарда тийкарында 2004-2006-жыл даўамында жәми 652-мектеп, солардан 36-мектеп имараты жаңадан салынды, 252-мектепте капитал реконструкция,216-мектепте капитал оңлаў ҳәм 418-мектепте оңлаў жумыслары алып барылған. («Устаз жол» Р.Реймов Жетекши тараўдың ийгиликли ислери» 2001-жыл 3-сентябрь.

Ayi’ri’m waqi’tlari’ gazeta respublikali’q ko’lemde shi’g’atug’i’n taraw gazetalari’ni’n’ materialari’na da murajat yetedi. Respublikami’zdi’n’ bilimlendiriw bag’dari’ndag’i’ jumi’slari’n yelede jetilistiriw maqsetinde «A’hmiyetli ma’sele» rubrikasi’nda materiallardi’ qaraqalpaq tiline awdari’p gazeta betlerinde ja’riyalap ati’rg’an. Mi’sali’:, «Marifat» gazetasi’ni’n’ 2011-ji’l 18-may sani’nda ja’riyalang’an «Alti’ jasar balalardi’n’ psixologiyali’q-pedagogikali’q baqlawi’ bunda nelerge a’hmiyet beriliwi tiyis? Atamasi’ndag’i’ materialdi’ (metodikali’q ko’rsetpeni) «Ustaz joli’» gazetasi’ni’n’ 2011-ji’l 9-iyul sani’nda qaraqalpaq tiline awdari’p ja’riyalang’an. Biz bunnan gazeta redaktsiyasi’ biz kim, qanday material tayarlap a’keledi dep qarap woti’rmastan, ken’ ja’miyet ushi’n a’hmiyetke iye ma’seleler u’stinde izleniwshilik jumi’slardi’ da ti’nbay ali’p bari’p ati’rg’anli’g’i’ni’n’ gu’wasi’ bolami’z.

Bilimlendiriwdin’ negizin quraytug’i’n mektep bilimlendiriwdegi talaplar, bilim sapasi’n, mazmuni’n jan’a basqi’shqa ko’teriw bag’dari’ndag’i’ qa’nigelerdin’ ka’siplik sheberligi rawajlandi’ri’wda jetiskenliklerde gazeta betlerinen wori’n alg’an. Bul da bilimlendiriwdi rawajlandi’ri’wg’a qarati’lg’an ilajlardan yesaplanadi’. Bul ma’seleler jurnalistlerdin’ do’retiwshilik miynetlerinde sonday-aq «ustaz-sha’kirt» bag’darlamasi’n a’melge asi’ri’p uzaq ji’llar dawami’nda si’naqtan wo’tken so’z yetiwshi maqalardan ibarat.

Gazetani’n’ 2011-ji’l 23-iyun sani’nda «Balalar baqshasi’nda su’wretli testlerden paydalani’w» atamasi’ndag’i’ maqala «A’meliyatshi’ psixologlarg’a ja’rdem» rubrikasi’nda berilgen. Maqala avtori’ Berdaq ati’ndag’i’ Qaraqalpaq ma’mleketlik universiteti jani’ndag’i’ 1-sanli’ akademiyali’q miynettin’ shan’araq psixologiyasi’ pa’ni oqi’ti’wshi’si’ Zamira Turdi’muratova maqala avtori’, psixologiyali’q ma’sla’ha’t jumi’si’nda mektepke shekemgi balalar menen islesiw bari’si’nda a’meliyatshi’ psixolog psixodiognostikada ken’ qollani’p ati’rg’an proektiv (ha’r qi’yli’ su’wretlerge qarap mektepke shekemgi balalardi’n’ jeke qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’n ani’qlaw) testten paydalani’w usi’llari’n metodikali’q qollanba retinde ko’rsetip beriwdi maqset yetip qoyg’an. Qa’nige bunday usi’llardan paydalani’wda qa’nigelerge birneshe su’wretli testlerden

paydalani’wdi’ ma’sla’ha’t beredi. Mi’sali’: «Jeke su’wretli testi», «adam su’wreti testi», «U’y terek-adam testi»,»Shan’araq su’wreti testi», «Xaywanlar shan’arag’i’ testi», «Joq xaywan testi», «Suli’w su’wret testi» ha’m tag’i’ basqalar avtor wo’z maqalasi’nda testtin’ wo’tkeriw ta’rtibine shekem wog’ada ilimiy ko’z qarasta ani’q islengen tomlarda wortag’a taslaydi’.

Bul qa’nigelikti yendi baslap woti’rg’an jas psixologlar ha’tte jas ata-analar ushi’nda metodikali’q qollanba xi’zmetin atqaradi’. Q.Ubaydullaev ati’ndag’i’ Respublikali’q pedagog kadrlardi’ qayta tayarlaw ha’m qa’nigeliggin artti’ri’w instituti’ni’n’ a’meliy pa’nler kafedrasi’ni’n’ basli’g’i’ T.Baltabaevti’n’ «Ka’siplik sheberlik» rubrikasi’ asti’ndag’i’ maqalasi’ «Woqi’wshi’lardi’ milliy wo’nermentshilikke bag’darlaw» dep ataladi’. Maqalada, xali’q wo’nermentshiligin u’yreniw isine jeterli itibar qarati’w na’tiyjesinde milliy wo’zlikti an’law milliy qa’diriyatlar xali’q ko’rkem wo’neri ha’m wo’nermenshiligin tu’siniw qa’dirlew ha’m jarati’p biliw qa’biletin jetilistiriw ma’seleleri haqqi’nda so’z boladi’.

Avtordi’n’ ko’rsetiwinshe mekteplerdegi usi’ pa’n oqi’ti’wshi’lari’ni’n’ tiykarg’i’ wazi’ypalari’ni’n’ biri miynet ta’rbiyasi’ protsesinde woqi’wshi’larg’a wo’ner u’yretiwdin’ milliy wo’zgesheligin tu’sindiriw a’melde qollani’w yag’ni’y wolarda tu’rlishe yengiziwden ibarat. Buni’n’ ushi’n aldi’n ali’p: Wo’mir degen ne? Wo’ner wo’nerment degen ne? degen sorawlarg’a juwap beriwimiz kerek. Wo’ner-adamzattan miynetti talap yetetug’i’n tirishilik worayi’ bolg’an miynet joli’. Wo’nerli-belgili bir wo’ner tu’ri menen shug’i’llani’wshi’ adam. Wo’nermentshiliktin’ tiykarg’i’ belgisi: bir istin’ a’piwayi’ miynet nusqalari’ ja’rdeminde isleniwi ha’m i

## II.2. «USTAZ JOLI» gazetasi’nda ruwxi’y-ag’arti’wshi’li’q ma’deniy miyras ma’selesi

Wo’zbekstan Respublikasi’ g’a’rezsiz ma’mleket si’pati’nda boy tiklewi menen-aq wo’zinin’ du’nya ja’ma’a’tshiligi aldi’ndag’i’ worni’n belgilew qolg’a kirgizilgen g’a’rezsizlikti ma’n’gilestiriw adamlar sanasi’na yen’ ulli’ tuyg’i’lardi’ watandi’ su’yiw woni’ ko’zdin’ qarashi’g’i’nday abaylap asi’raw biyg’a’rez

Wo’zbekstan Respublikasi’ni’n’ demokratiyali’q ideyalarg’a sadi’q yekenligin ko’rsetip beriw ha’m de jan’a quri’li’p ati’rg’an ma’mleket ha’m ja’miyettin’ abroyi’n ko’teriwdey yen’ a’hmiyetli wazi’ypalar ku’ndelikli baspaso’zdin’ xi’zmetine aylandi’. Mine, usi’nday maqsette sho’lkemlesken «Ustaz joli’» gazetasi’ wo’zi shi’g’i’p baslag’an birinshi ku’nnen baslap-aq Wo’zbekstan ha’m Qaraqalpaqstan Respublikasi’ndag’i’ g’a’rezsizlik ideyasi’n sa’wlelendiriwde sonday-aq u’git-na’siyat jumi’slari’n ali’p bari’wda itibarli’ jumi’slardi’ a’melge asi’rdi’.

Ma’mleketimizdegi a’melge asi’ri’lg’an g’a’rezsizligimiz sharapati’ menen xalqi’mi’zdi’n’ ruwxi’y woyani’wi’-respublika turmi’si’nda ju’z berip ati’rg’an barli’q wo’zgerislerdin’ tiykari’ si’pati’nda wo’z sa’wleneniwin tapqan. Soni’n’ menen birge milliy u’rp-a’detler negizinde uli’wma insani’yli’q qa’diriyatlardi’ uli’g’law xali’qti’n’ do’retiwshilik ku’sh qu’diretin ko’rsete ali’w Watang’a muhabbat mehir aqi’bet yelimizge jasawshi’ barli’q milletler wortasi’nda dosli’q tati’wli’q ti’ni’shli’qti’ ja’nede bekkemlewdi u’git-na’siyatlaw ku’ndelikli baspa so’zdin’ aldi’na qoyg’an tiykarg’i’ maqset wazi’ypa bolg’anli’g’i’n ko’remiz.

G’a’resizlikke yeriskennen keyin xalqi’mi’zdi’n’ a’sirler boyi’ jasap dawam yetip kelgen tariyxi’y da’stu’rlerin tikkeley, tariyxi’y-ma’deniy miyraslardi’ ko’zdin’ qarashi’g’i’nday saqlaw milliylikti rawajlandi’ri’w ma’selelerine ayri’qsha itibar qarati’ldi’. Haqi’yqati’nda da milliy g’a’rezsizlik ideologiyasi’ xali’qti’n’ milliy tariyxi’y turmi’s ta’rzi ha’m pikirlew wo’zgeshelikleri woni’n’ u’rp-a’detleri negizinde ju’zege keledi. Bul ma’seleni sheshiwde g’alaba xabar qurallari’ni’n’ xi’zmeti ayri’qsha dep ayta alami’z. Sonli’qtan biz pitkeriw qa’nigelik jumi’si’zdi’n’ «Ustaz joli’» gazetasi’nda ruwxi’y ag’arti’wshi’li’q ta’lim ta’rbiya ma’deniy miyras ma’selelerin u’yreniwdi aldi’mi’zg’a maqset yetip qoydi’q.

Biz pitkeriw qa’nigelik jumi’si’zdi’ u’yreniw dawami’nda «Ustaz jol» gazetasi’nda ruwxi’y ag’arti’wshi’li’q ta’rbiya ma’deniy miyras bag’dari’ndag’i’ jurnalistlik miynetlerdi sha’rtli ra’wishte u’sh toparg’a bo’ldik:

1.Tariyxi’y miyrasti’ asi’raw ha’m u’git-na’siyatlaw.

2.Xali’qti’n’ milliy u’rp-a’detlerin saqlaw ha’m rawajlandi’ri’w.

3.A’debiy miyrasti’ asi’raw ha’m u’git na’siyatlaw.

Milliy g’a’rezsizlikke yeriskenge shekem xalqi’mi’zdi’n’ bay wo’tmishi, ma’deniy miyras, uluwma na’zerge ali’nbay, ayi’ri’m jag’daylarda bolsa yeskishiktin’ qaldi’g’i’ si’pati’nda qarali’p kelindi.

Gazeta betlerinde ja’riyalang’an tariyx ilimlerinin’ kandidati’, R.Bazarbaevti’n’ «Tariyx ji’lnamasi’» rubrikasi’ asti’ndag’i’ «Baburdi’n’ da’wiri ha’m woni’n’ insani’yli’q pazi’yleti[12]». Xojeli rayonli’q 57-sanli’ mekteptin’ joqari’ kategoriyasi’ woqi’ti’wshi’si’ «Qi’zlargul Qudiyarovani’n’ «G’a’zzel mu’lkinin’ sultani’[13]», No’kis ma’mlektlik pedagogikali’q instituti’ni’n’ «Milliy ideya ruwxi’yli’q tiykarlari’ ha’m xuquq bo’limi» kafedrasi’ni’n’ oqi’ti’wshi’si’ G.Saparovani’n’ «Ruwxi’yli’q rubrikasi’ asti’nda» Prezident shi’g’armalari’nda islam dini ha’m islami’y qa’diriyatlar[14], Beruniy rayoni’ 61-sanli’ mekteptin’ oqi’wshisi Munnavvara Qurbanbaevani’n’ «Buyuk bobomizning merosi[15]», G.Ta’jetdinovani’n’ «So’zine iyildi adam balasi’[16]», Fatima Abduraymovani’n’ «Xali’q Ulug’lag’an shoyr[17]» ha’m tag’i’da basqa ko’plep maqalalar arqali’ tariyxi’y miyrasti’ u’yreniw mu’mkinshiligine iye bolg’an.

Bu’gingi ku’nde ma’mleketimizde jan’alani’w protsesi ju’rip ati’rg’an bir da’wirde jaslardi’n’ sapasi’na milliy ideya ha’m g’a’resizlik ideologiyasi’n sin’diriw ma’mleket siyasati’ da’rejesine ko’terildi. Sebebi milliy tuyg’i’ insan ushi’n ta’biyiy. Wo’z halqi’na woni’n’ u’rp-a’det da’stu’rlerine, tili ha’m «Ustaz joli’» 2011-j. 19-fevral. ma’deniyati’na muhabbat ha’m hurmeti ta’rbiyalanbastan turi’p haqi’yqi’y insanda ta’rbiyalaw mu’mkin yemes. Sebebi wo’zligin u’yreniwge, wo’zligin qa’dirlewge ha’m woni’ maqtani’sh yetiwge ta’rbiyalaw ma’selesinin’ tiykari’n quraydi’. Gazeta xali’qti’n’ u’rp a’detlerin rawajlani’w ha’m u’git na’sitlawg’a kerek bolsa ken’ tu’sinikler berip bari’wg’a itibardi’ qaratadi’. No’kis politexnika ka’sip-wo’ner kolledjinin’ oqi’ti’wshi’si’

[12] «Устаз жолы» 2011-ж. 19-февраль.
[13] «Устаз жолы» 2011-ж. 5-февраль.
[14] «Устаз жолы» 2010-ж. 20-ноябрь.
[15] «Устаз жолы» 2010-ж. 23-октябрь.
[16] «Устаз жолы» 2011-ж. 26-ноябрь.
[17] «Устаз жолы» 2011-ж. 12-ноябрь.

J.Asamatdinovani’n’ «İlimiy wo’zlikti an’lawda qa’liplestiriw» («Ustaz joli’» 2011-j. 19-noyabr) maqalasi’ mine usi’ ma’selege qarati’lg’an. «Tariyqa na’zer taslap, xalqi’mi’z milletimiz azatli’g’i’ joli’nda qurban bolg’an jani’n pida’ yetken mi’n’lap watanlaslari’mi’zdi’ yeslegenimizde wolar a’rman yetken, bu’gingi a’wladqa nesip yetken yerkin, abat turmi’sti’n’ ma’nisin ha’m a’hmiyetin teren’irek an’lawi’mi’z tiyis.

Tariyx-millettin’ xaqi’yqi’y ta’rbiyashi’si’. Ulli’ babalari’mi’zdi’n’ ulli’ isleri ha’m yerligi tariyxi’y yelesimizdi jan’alandi’ri’p, Watanda su’yiwshilik wog’an degen muhabbat ha’m sadi’qli’q ruwxi’nda jan’a puqarali’q sanani’ qa’liplestiredi.

Bul ma’sele xali’q awi’zeki do’retpelerinde yertek ha’m da’stanlarda watan ushi’n gu’resken Shi’raq, Tumaris, A’mir Timur, Jalalatdin Manguberdi usag’an xali’q qaxarmanlari’ni’n’ milletin qorg’awga qarati’lg’an islerinde ko’rinedi. A’sirler dawami’nda rawajlani’p kiyati’rg’an u’rp-a’det, da’stu’rlerdin’ de mazmuni’nda milliy kelbeti, tariyxi’, wo’zine ta’n etnik ayi’rmashi’li’g’i’ sa’wlelengen. Biz izertlegen da’wirler ishinde «Ustaz joli’» gazetasi’nda ja’riyalani’p bari’lg’an yen’ a’hmiyetli temalardi’n’ biri milliy u’rp-a’detlerdi asi’ri’w ha’m rawajlandi’ri’w ma’selesi yekenligine isendik. Xali’qqa wo’zligin’di an’lati’wda woni’n’ milliy maqtani’w sezimlerin jetilistiriw mazmuni’nda jazi’lg’an jurnalistlik miynetler ayri’qsha a’hmiyetke iye. Gazeta betlerinde Nawri’zdi’n’ tikleniwi ha’m de Qurban xayt uluwma xali’qli’q bayrami’ si’pati’nda belgileniwi tu’sindiriwshi maqalar da ko’plep berilgen. Xali’q ma’nawiyati’ni’n’ rawajlani’wi’nda a’debiyat ha’m de ma’deniyat ayri’qsha wori’ndi’ iyeleydi. Pitkeriw qa’nigelik jumi’si’mi’zdi’ u’yreniw dawami’nda gazeta betlerinde ruwxi’y ag’arti’wshi’li’q ta’rbiyali’q maqsetlerde a’debiy miyrasti’ ken’ tu’rde u’git-na’siyatlag’ani’ ma’lim boldi’.

Ma’deniy miyras ha’m woni’n’ bir bo’legi bolg’an a’debiy miyras ma’sele, tek xalqi’mi’z babalari’mi’zdi’n’ basi’p wo’tken dan’qli’ tariyxi’y joli’n u’yreniwge g’ana yemes al, soni’n’ menen birge, wo’sip kiyati’rg’an keleshek a’wladti’ ana-watang’a mehir-muhabbat sadi’q perzentler yetip ta’rbiyalawdi’ da

na'zerde tutadi'. Gazeta betlerinde «A'debiy miyras», «Miyras», «Tariyx», «Salamat turmi's ta'rzi», «A'debiyat», rubrikalari' asti'nda ja'riyalang'an maqalalar so'zimizdi tasti'yqlaydi'.

Bir neshe mi'n' ji'lli'qqa iye bolg'an qaraqalpaq xalqi'ni'n' bay ma'deniyati' milliy u'rp-a'det da'stu'rleri, tawsi'lmas ruwxi'y miyrasi', watan su'yiwshi milliy qaharmanlar tulg'asi' g'a'rezsizlik da'wiri qaraqalpaq baspaso'zinde, soni'n' ishinde «Ustaz joli'» gazetasi'nda da wo'z ko'rinisin tapti'. Bul da'wirler ishinde «Yerkin Qaraqalpaqstan» gazetasi'nda ja'riyalang'an («Yerkin Qaraqalpaqstan» 2000-ji'l 2-noyabr) jurnalist Q.Yerniyazovti'n' Wo'zbekstan Qaharmani', jazi'wshi' T.Qayi'pbergenovti'n' penen wo'tkergen «Tariyxi'mi'zdi' teren'irek u'yreneyik» atamasi'ndag'i' sa'wbeti, sonday-aq akademik A.Da'wletovti'n' «Milliy miyraslardi' qa'dirlew alg'a ilgerilewimizdin' girewi» (2000-ji'l 4-may), B.Utambetov ha'm X.Da'wletnazarovlardi'n' «Wo'zligimizdi an'law watan wo'tmishin qa'sterlewden ibarat», («Yerkin Qaraqalpaqstan» 2000-ji'l 23-sentyabr) maqalalari' biz so'z yetip woti'rg'an bag'darda haqi'yqi'y u'lgi yetse arzi'ytug'i'n ma'selelerdi wortag'a ali'p shi'g'adi'.

Bunda jurnalistler bu'gingi ku'n ushi'n wog'ada u'lken a'hmiyetke iye ma'seleler haqqi'nda so'z yetedi. Jurnalist Q.Yerniyazovti'n' Wo'zbekstan qaharmani', jazi'wshi' T.Qayi'pbergenov penen wo'tkergen sa'wbetinde, tariyxi'y-ma'deniy miyraslari'mi'zdi' teren'irek u'yreniw bu'gingi ku'ndegi yen' a'hmiyetli ma'selelerden biri yekenligi haqqi'nda bahali' pikirler bildirilgen.

Zamanago'y qaraqalpaq baspaso'zinde qaraqalpaqlardi'n' xali'q boli'p qa'liplesiwi, woni'n' kelip shi'g'i'w tariyxi' ha'm respublikami'z aymag'i'ndag'i' tariyxi'y qala ha'm yesteliklerdi izertlewge baylani'sli' arxeologiyali'q etnografiyali'q, tariyxi'y a'debiy ha'm arxivlik da'reklerge baylani'sli' jazi'lg'an maqalalar jurnalist qa'nigeler sonday-aq ilimpazlar ta'repinen ko'plep jazi'lmaqta. A'sirese, wo'tken ji'llar ishinde, a'sirese, akademik S.Kamalovti'n', J.Bazarbaevti'n', H.Hamidovti'n', belgili ilimpazlar K.Ma'mbetov, M.Mambetullaev, S.Bahadi'rova, B.Qoshanov, Sh.Babashev,

G’.Xojaniyazovlardi’n’ xalqi’mi’zdi’n’ bay tariyxi’, wo’tmishi xaqqi’ndag’i’ maqalalari’ ken’ ja’miyetshiligimizge u’lken qi’zi’g’i’wshi’li’q woyatpaqta. İzertlew na’tiyjesinde bunday maqalalar tiykari’nan a’debiyatshi’lar, tariyxshi’ ha’m arxeolog ilimpazlar ta’repinen jazi’li’p ati’rg’anli’g’i’n ko’riwimizge boladi’. Bul tu’rdegi «jurnalistlik materiallar gazeta betlerinde «Tariyx», «Tariyx betlerinen», «Wo’tmish ha’m biz», «Tariyhqa na’zer salsaq», «Shejire», «Miyras», «Ulli’ tulg’alar», «Tariyx ha’m ma’nawiyat» ha’m basqada rubrikalar asti’nda berilip barmaqta.

Arxeologiyali’q miyras obyektlerin izertlew ha’m wolardi’n’ tariyxi’ menen ja’miyetshiligimizdi tani’sti’ri’w maqsetinde gazeta redaktsiyasi’ waqti’-waqti’ bul tarawdi’n’ qa’nigelerine mu’ra’jat yetip, wolar menen birgelikte jumi’s ali’p barg’anli’g’i’n ko’remiz. A’debiy miyras ma’selesinde de usi’ maseleler wog’ada duri’s sheshimin tapqanli’g’i’n atap wo’tiw wori’nli’. Gazetani’n’ 2011-ji’l 30-iyul sani’nda «Shejire janri’ni’n’ ko’rkemlik wo’zgesheligi» atamasi’ndag’i’ maqala ja’riyalang’an. Avtori’ Da’niyar Nurseytov maqalada qaraqalpaq xalqi’ni’n’ tariyxi’ xaqqi’nda so’z yetiwshi «Shejire» janri’ woni’n’ atqaratug’i’n xi’zmeti xaqqi’nda so’z yetedi.

Juwmaqlap aytqanda xalqi’mi’zdi’n’ kelip shi’g’i’w tariyxi’, etnografiyasi’, u’rp-a’det da’stu’rleri, tariyxi’y-ma’deniy miyraslari’n yelede teren’irek izertlew maqsetinde ali’p bari’li’p ati’rg’an izertlew jumi’slari’ni’n’ na’tiyjeleri de «Ustaz joli’» gazetasi’ betlerinde ko’rinisin tappaqta.

Bulardan da basqa bizin’ xalqi’mi’zdi’n’ tariyxi’nda wo’zinin’ bilimi, joqari’ insani’yli’q pazi’yleti menen iz qaldi’rg’an ulli’ tulg’alarda gazetani’n’ na’zerinen bir shette qalmaydi’. Redaktsiya, bunday insanlardi’n’ ibratli’ islerin bu’gingi a’wladqa u’lgi yetip ko’rsetedi.

No’kis ma’mleketlik pedagogikali’q instituti’ni’n’ woqi’ti’wshi’lari’ S.Allaniyazov ha’m de S.Esemuratovlardi’n’ «İbn Sino Salamatli’q xaqqi’nda atamasi’ndag’i’ maqalasi’ «2011-ji’l 9-iyul sani’» usi’ mazmunda. A’ne usi’nday ag’la pazi’yletlerdin’ iyesi bolg’an belgili dani’shpan İbn Sinoni’n’ «Meditsina ni’zamlari’» miyneti neshe a’sirler dawami’nda Yevropani’n’ yen’ abi’royli’

joqari’ woqi’w wori’nlari’nda tiykarg’i’ meditsinali’q sabaqli’qlardi’n’ biri si’pati’nda woqi’ti’p kelingeni, du’nya ko’leminde «Meditsina», «Salamat turmi’s ta’rzi» degen tu’siniklerdin’ fundamental negizi boli’p xi’zmet yetkeni. A’lbette, teren’ turmi’sli’q ha’m ilimiy tikarg’a iye shi’g’i’sti’n’ worta a’sirlerdegi ulli’ woyshi’li’ İbn Sino (Abu Ali İbn Sinoni’n’) izinde sarqi’lmas bay miyraslar soni’n’ ishinde densawli’qti’ saqlaw ha’m bekkemlew xaqqi’nda wo’zinin’ bahali’ pikirin qaldi’rg’an. Wo’zine isengen halda fizikali’q shi’ni’g’i’wlar menen wo’z waqti’nda shi’ni’g’i’p barg’an adam yemleniwge xesh qanday za’ru’rlik sezbeydi. Abu Ali İbn Sino ta’repinen derlik mi’n’ ji’lg’a shamalas buri’n ayti’lg’an bul bahali’ an’latpa bu’475ginde wo’z a’hmiyetin joytpag’an.

Soni’ da ayti’p wo’tiw wori’nli’ gazeta betlerinde ma’deniy miyrasti’ u’git-na’siyatlawda tek qaraqalpaq xalqi’ni’n’ belgigi tulg’alari’ wo’miri do’retiwshilik joli’ xaqqi’nda jazi’w menen sheklenip qalmay wo’z woqi’wshi’ miyraslari’ menen de tani’sti’ri’p bari’wg’a itibar qaratqan. Bunda qa’nigeler menen bir qatarda mektep woqi’ti’wshi’lari’ belsene qatnasqan. Mi’sali’: Sh.Tilewmuratovani’n’ «Rim raqamlari» xaqida tushincha» (2011-ji’l, 19fevral), A’. Atajanovti’n’ «Ulli’lar wo’mirinen» rubrikasi’ asti’nda «si’ni’q si’zi’qlardag’i’ pu’tinlik» (2010-ji’l, 27-noyabr) ha’m tag’i’ basqa maqalalardi’ ko’rsetsen boladi’. Dawri’g’a pu’tin dunyag’a ketken ulli’ insanlar Abu Rayxan al Beruniy, Al Xorezmiy, Abu Ali İbn Sino, İmom al Buxoriy, at Termiziy, Xoja Axmet Yassawiy, Amir Timur, Ulug’bek, Nawayi’ usag’an ulli’ babalari’mi’z miyrasi’ biybaxa ha’m dawam yettiriwge mu’na’sip. Bul miyras jurti’mi’zda jasap ati’rg’an ha’r bir puqarag’a tiyisli.

Gazeta betlerinde milliy u’rp-a’det da’stu’rler ha’m wolardi’n’ a’hmiyeti ta’repleri xaqqi’nda da maqalalar pikir ha’m usi’ni’slar ko’plep berilip bari’lg’an. A’sirese, toylardi’ i’qsham, i’si’rapsi’z wo’tkeriw boyi’nsha jurnalistlerdin’ ma’kan puqaralar ji’yi’ni’ aqsaqallari’nan mektep woqi’wshi’lari’ni’n’ qi’zi’qli’ ha’m de tarti’sli’ pikirleri turaqli’ tu’rde berilip bari’lg’an. Bunday maqalalar ja’miyetshilik pikirinin’ qa’liplesiwine sonday-aq gazeta woqi’wshi’lari’nn’ qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’na sebep bolg’anli’g’i’n ko’remiz. Bunday maqalalar «Toylar

xaqqi'nda woylar», «woqi'di'q pikir aytami'z» rubrikasi' asti'nda berilip bari'lg'an. Nuraniy jurnalist Ya.Munni'n' «woqi'di'q pikir aytami'z» rubrikasi' asti'nda «Toy ta'rtipli wo'tse…..» atamasi'ndag'i' maqalasi' gazetani'n' 2011-ji'l 9-iyul sani'nda ja'riyalang'an. Maqalada gazetada jurnalist Gulbahar Jaqsi'movani'n' «Toy dese quw bas jumalaydi'» degen maqalasi'na wo'z pikirin bildiredi. Jasi' u'lken jurnalist wo'zinin' bu'gingi toylari'mi'zg'a bolg'an ko'z qarasi'n ashi'q aydi'n bildirip, buni'n' sebeplerin analizlewge ha'reket yetedi. «Al da'stu'r boyi'nsha aytar bolsaq» bizlerdegi yen' jaman illet sanalatug'i'n bar tabag'i'm kel tabag'i'm»-degen da'mego'ylik-depti Gulbaxar. Toyg'a lazi'mlarg'a da'sturxan apari'w da'sturxan ali'p qayti'w wol buri'nnan kiyati'rg'an xali'q da'stu'ri wo'kpelese wo'kpeley bersen, da'sturxan qag'i'p qayti'lmasi' boldi'. Keyninen ju'girip jali'ni'p-jalbi'rani'wg'a a'detlenbew kerek. «Toy wo'kpesiz bolmaydi'», son' jarasi'p a'ndamli' boli'p ketedi». «Jan'a shan'araq ko'terip ati'rg'an birewdin' kelinshegin qushaqlap ayag'i'ndag'i' tufliyin sheship ali'w, wog'an kelinshektin' de ku'yew balani'n' da illa dep awi'z ashpawi' tu'we birewdin' hayali'na na'zerin jiberiwdin' wo'zi Ta'n'irtala g'a'zebin keltiredi dep ayti'p ketken Muxammed payg'ambari'mi'z»-dep ko'rsetedi.

Qa'de-qa'wbet boli'wi' kerek, bular ata-babalari'mi'zdi'n' jaqsi' niyeti, biraq bulardi'n' ha'mmesi rabayi' menen boli'wi' kerek-degen pikirdi wortag'a taslaydi'. Avtor maqala soni'n'da bunnan bi'layi', sheshiwshi ilat-yeger olardan birewi saltanat ma'rtebesine dawagerlik yetip bas ko'terse woni' wo'ltiriwge yamasa mu'shesinin' bir jerin kemitiwge hesh kim aralaspasi'n. Biraq wol ta'wbege kelgenshe saqlasi'n al qudaydi'n' ha'mirine de uri's shi'qpasi'. Yeger birew menin' buwri'g'i'm arqarsi' shi'qsa woni' diywanashi'li'q awhali'na tu'sirin'ler»-dep A'mir Timur babami'zdi'n' aytqani'nday ta'rtip kerek-dep juwmaqlaydi'.

Bizin'she, «Ustaz joli'» gazetasi'ni'n' ruwxi'y ag'arti'wshi'li'q ta'rbiya ma'deniy miyras bag'dari'ndag'i' ali'p barg'an jumi'slari'n u'yreniw boyi'nsha biz to'mendegishe juwmaqqa kelemiz. Gazeta wo'zi shi'g'a baslag'an 17-ji'l dawami'nda ruwxi'y ag'arti'w ta'lim ta'rbiya jumi'slari'na sonday-aq ma'deniy

miyras ma’selelerin keleshek a’wlad sanasi’na sin’diriwde ma’mleketimizdin’ g’a’rezsizliginin’ ma’n’giligin ta’miyinlewge qarati’lg’an wog’ada duri’s joldi’ tan’lag’an.

## III BAP. «Ustaz joli’» gazetasi’ni’n’ usi’llari’ ha’m janrli’q wo’zgesheligi

Pitkeriw qa’nigelik jumi’si’zdi’n’ bul babi’nda «Ustaz joli’» gazetasi’ jurnalistleri ta’repinen qollani’lg’an is usi’llari’ ha’m de ja’riyalang’an materiallardi’n’ janrli’q wo’zgeshelikleri xaqqi’nda arnawli’ tu’rde toqtap ashi’wdi’ maqul ko’rdik. A’lbette, gazetani’n’ payda bolg’an ku’ninen baslap 17 ji’l dawami’nda qollani’lg’an is usi’llari’ ha’m de materiallardi’n’ janrli’q wo’zgeshelikleri toli’q qayti’p u’yrenip shi’g’i’w wog’ada ko’p waqi’tti’ alg’an bolar yedi. Sonli’qtan biz mu’mkinshiligimizden kelip shi’g’i’p keyingi u’sh-to’rt ji’l ishindegi gazeta materiallari’na analiz jasawg’a ha’reket yetemiz. Bul ma’sele, redaktsiya ja’ma’a’tinin’ baspaso’z qurallari’nda ken’ ja’miyetshilikke ta’sir yetiwdin’ ha’m sho’lkemlestiriw ha’m do’retiwshilik jollari’n qalayi’nsha men’gerip ati’rg’anli’g’i’n, qanday izleniwshilikler ko’rsetip bere ali’wi’ menen a’hmiyetli. Bul ma’sele biz ko’rip wo’tken da’wirdegi baspaso’z xi’zmetinin’ ken’ ja’miyetshilikke ta’sir yetiw ku’shi belgilewde a’hmiyetli wori’n tutadi’.

Bizge ma’lim, g’alaba xabar qurallari’ni’n’ ta’sirshen’ligi redaktsiyalar ta’repinen ken’ ja’miyetshiliktin’ ja’miyetlik a’hmiyetke iye bolg’an jan’ali’qqa bolg’an ku’ndelikli talabi’n kandi’ra ali’w da’rejesine menen wo’lshenedi. Sonday-aq auditoriyani’n’ informatsiyani’ duri’s qabi’l yetiwi ha’m baspaso’zge isenim menen qarawi’ ushi’n g’alaba xabar qurallari’ndag’i’ ta’sir yetiw belgili boli’p tabi’ladi’. Usi’nnan kelip shi’g’i’p qaraytug’i’n bolsan’ g’alaba xabar qurallari’. Solardi’n’ ishinde baspaso’z de «…ken’ ja’miyetshiliktin’ (auditoriyani’n’) ani’q bir maqsetke bag’darlang’an informatsiyag’a baylani’sli’ ali’p shi’g’i’wi’ za’ru’r[18]».

---

[18] Прохоров Е.П. Вбедение в журналистика. М, 1988.с. 206.

Baspaso’zdin’ ta’sirshen’ligi jurnalisttin’ sheberligi menen tikkeley baylani’sli’. Redaktsiya jumi’slari’n sho’lkemlestiriw ha’m basqari’wdi’n’ usi’l ha’m tu’rleri ken’ ma’niste ko’p g’ana ma’selelerdi wo’z ishine aladi’. Bul ma’seleler F.Muminov[19], F.P.Nesterenno[20],Yu.Haldalov[21], D.S.Abramov[22], M.Hudayqulov[23], Ya.Manatova[24], D.Bekbawliev[25], Z.Qoji’qbaeva[26], ha’m basqada ilimpazlardi’n’ miynetlerinde wo’z ko’rinisin tapqan.

Biz pitkeriw qa’nigelik jumi’si’zdi’n’ bul bo’liminde tiykarg’i’ itibardi’, «Ustaz joli’» gazetasi’ni’n’ redaktsiyasi’ ta’repinen ken’ ja’miyetshiliktin’ informatsiyag’a bolg’an talabi’n qandi’ri’wdag’i’ is usi’llari’ ha’m tu’rlerin ilimiy ko’z qarastan u’yreniwge soni’n’ menen birge jurnalistlerdin’ ka’siplik sheberligi wolardi’n’ qa’legen janrda qa’lem terbete ali’w mu’mkinshilikleri xaqqi’nda so’z yetemiz.

Bizge ma’lim ha’r bir redaktsiya wo’zinin’ informatsiyali’q siyasati’n bu’gingi ku’nde ja’miyet aldi’nda turg’an yen’ a’hmiyetli ja’miyetlik wazi’ypalardan kelip shi’g’i’p wo’zi itibar qarati’p ati’rg’an woqi’wshi’lar auditoriyasi’ni’n’ wo’zgesheliklerinen milliy ha’m de territoriyali’q wo’zine ta’miyinlikke tiykarlang’an payda belgileydi.

Biz ko’rip wo’tken da’wir ishinde «Ustaz joli’» gazetasi’nda ta’sirshen’likti ku’sheytiw maqsetinde gazetalardi’n’ arnawli’ sanlari’n shi’g’ari’w arnawli’ betler sho’lkemlestiriw materiallardi’ turaqli’ rubrikalar asti’nda berip bari’w si’yaqli’ is usi’llari’nan na’tiyjeli paydalang’an. «Ustaz joli’» gazetasi’ wo’z woqi’wshi’lari’ni’n’ bar di’qqati’n bilimlendiriw tarawi’ndag’i’ usi’ bu’gingi ku’nnin’ yen’ sheshiwshi ma’sellerine qarati’w maqsetinde mektep woqi’ti’wshi’lari’ ushi’n derlik gazetani’n’ ha’r bir sani’nda ma’sla’ha’tli metodikali’q ko’rsetpeler berip bari’w menen birge «mektep turmi’si’», «Bu’ginginin’ jaslari’», «2012-ji’l bekkem shan’araq ji’li’», «Ma’rtebe»,

---

[19] Муминов Ф Журналистика ижтимой институт сифатида.
[20] Нестеренко Ф.П. Мирашмов Ш. Ижтимоий-иқтисодий муомолар ва матбуот. Г.1990-й. 20б.
[21] Ҳамдамов Ю. Замон ва мезон. Т.1991.
[22] Аврамов Д.С. «Профессинальная этика журналиста» М.,1991.252-с.
[23] Ҳудайқулов М. Журналистика ва публицистика. Т. 2008.
[24] Ҳудайқулов М. Журналистика ва публицистика. Т. 2011
[25] Бекбаўлиев Д. Газета қалай шығады? Н., «Қарақалпэкстан», 2011-жыл.
[26] Қожықбаева З. Баспасоз:жанрлар. Макет. Дизайн. Т., 2011-жыл.

«Pedogog minberi», «Woqi’di’q pikir aytami’z», «Maqtani’w», «Ustazlar ustazi’», «Bilimlendiriw pidayi’si’», «Ustaz-sha’kirt mektebi» rubrikalari’ asti’nda mektep, mektepke shekemgi ta’rbiya ka’rxanalari’nda a’melge asi’ri’li’p ati’rg’an iygilikli jumi’slar haqqi’nda so’z yetiwshi maqalalardi berip barg’an.

Gazetada tez-tez ko’zge taslanatug’i’n ja’ne bir usi’l bul basqa ma’mleketlerdin’ baspaso’zinde ja’riyalang’an yaki bu’gingi ku’nde global internet tarmag’i’nan ali’ng’an qi’zi’qli’ mag’luwmatlardi’ qi’sqa-qi’sqa usi’lda berip bari’w boli’p tabi’ladi’. Bunday maqalalar du’nya jan’ali’qlari’ rubrikasi’ asti’nda derlik gazetani’n’ ha’r bir sani’nda berilip bari’lg’ani’n ko’remiz. Bunday mag’luwmatlardi’n’ keynine «Baspaso’z materiallari’ tiykari’nda tayarlani’wi’» dep jazi’p koyadi’. Mi’sali’, gazetani’n’ 2011-ji’l 9-iyul sani’nda «Du’nya jan’ali’qlari’» rubrikasi’ asti’nda berilgen qi’sqa mag’luwmatlardi’n’ mazmuni’ to’mendegishe; «Nefttin’ bahasi’ ko’terildi», «Galeriyadag’i’ urli’q», «Teniz u’stindegi ko’pir», «Ko’shede shegiw qadag’an yetildi», «Joldag’i’ kewilli waqi’ya», ha’m tag’i’ basqa gazeta betlerinede «ja’ha’n sporti’» rubrikasi’ asti’nda internet materiallari’ tiykari’nda qi’zi’qli’ materiallar toplami’n berip barg’an. Gazetani’n’ usi’ sani’nda «Vladimir Klichko jen’impaz», «Raykard Saud Arabstani’ bas treneri», «Feryusong’a doktorli’q da’rejesi», «Xokkeyshige hurmet», «Uyamblodon tu’rneri juwmaqlandi’» mazmuni’nda qi’zi’qli’ mag’luwmatlar berip barg’an. Bul a’lbette, gazeta oqi’wshi’si’ni’n’ di’qqati’n tarti’w, tek jergilikli informatsiya menen sheklenip qalmastan du’nya ju’zinde ju’z berip ati’rg’an jan’ali’qlarg’a da itibar qaratadi’.

Ken’ ja’miyetshiliktin’ di’qqat itibari’n respublika aldi’nda turg’an ja’miyetlik-siyasiy, ekonomikali’q ha’m de ma’deniy ag’arti’wshi’li’q mashqalalari’na qarati’w bul mashqalalardi’n’ sheshimine baylani’sli’ tu’rli ko’z qaraslardi’ ali’p shi’g’i’w maqsetinde tarti’sli’ pikirlerdin’ sheshimine qarati’lg’an tarti’sli’ ba’sekilerden paydalani’w usi’lari’nan da paydalang’an. Buni’n’ ushi’n sa’wbetlesiwler do’n’gelek stollar sho’lkemlestiriw usi’li’na de itibar qaratqani’n bayqadi’q. Bunday materiallar «Do’ngelek stol a’tirapinda», «A’jayi’p insanlar menen ushi’rasi’w» usag’an atamalar asti’nda berilip bari’lg’an.

Gazetani’n’ ta’sirshen’ligin artti’ri’w arqali’ woqi’wshi’ni’n’ itibarin jen’ip ali’w, wolardi’ ko’birek gazetani’ woqi’wg’a ma’jbu’r boli’wi’na tiykar jaratadi’. Bu’gingi qaraqalpaqstan baspaso’zinde, solardi’n’ ishinde «Ustaz joli’» gazetasi’nda publitsistika janrlari’ni’n’ derlik barli’q tu’rleri qa’liplesip u’lgergen. Bul bir a’sirge shamalas da’wir ishinde qaraqalpaqstan baspaso’zinde qa’liplesip u’lgergen ta’jiriybeler na’tiyjesi dep qarasaq ta boladi’. Bu’gingi ku’nde baspaso’z tarawi’nda jumi’s islewshi jurnalistlerimiz wo’zlerinin’ ka’siplik sheberliklerin jetilistirip g’ana qoymastan ha’tteki janrlarg’a da qa’nigelesip u’lgerdi.

Jurnalistika teoriyasi’nda janr tu’sinigi wo’mirde boli’p ati’rg’an turmi’s shi’nli’g’i’n sa’wlelendiriwdin’ tiykarg’i’ usi’li’, formasi’ degendi an’latadi’[27]. Bizge ma’lim jurnalistika teoriyasi’nda tu’rlerge boli’p u’yreniw ko’z qarasi’nan gazeta janrlari’n u’sh toparg’a boledi.

1.İnformatsiyali’q janrlar.

2.Analitikli’q janrlar.

3.Ko’rkem publitsistikali’q janrlar.

Biz «Ustaz joli’» gazetasi’ni’n’ janrli’q wo’zgesheliklerin mine usi’ klassifikatsiyag’a a’mel qi’lg’an xalda analizlewge u’yreniwge ha’reket yettik. Bu’gingi ku’nde ma’mleketimizde ju’z berip ati’rg’an jedel rawajlani’wlar, a’melge asi’ri’li’p ati’rg’an reformalar ja’miyetlik turmi’sti’n’ tu’rli salalari’nda boli’p ati’rg’an jan’ali’qlardan ba’rshenin’ xabardar boli’wg’a umti’li’wi’ sezilmekte izertlew dawami’nda mine usi’ qi’zi’g’i’wshi’li’qti’ qandi’ri’wda redaktsiya ja’ma’a’ti informatsiyali’q janrlarda (Xabar, reportaj, yesap, intervyu» jazi’lg’an materiallardan ken’ paydalani’wg’a ha’reket yetkenligin ko’remiz. Janali’qlar haqqi’ndag’i’ mag’luwmatti’ woqi’wshi’g’a tez ha’m i’qsham usi’lda jetkerip beriwshi xabar janri’ respublikani’n’ barli’q tu’rdegi gazetalari’nda wori’n alg’an.

Xabar janri’na tiyisli bolg’an materiallar gazeta betlerinde ayri’qsha ha’m ja’mlengen formada berip bari’lg’an ja’mlengen formadag’i’ jurnalistlik podborka «xabarlar ji’yi’ndi’si’» usi’li’ dep te ju’rgiziledi. Bul janrdan «Ustaz joli’»

[27] Стерьцов В.Б Основы публицистика. Жанр. Минск. 1990г. 18-19бетлер.

gazetasi’ wo’nimli paydalang’ani’n ko’remiz. Bunday xabarlar gazeta betlerinde «Ustaz joli’»na xabarlar rubrikasi’ asti’nda turaqli’ tu’rde berilip bari’lg’an. Wog’an mektep woki’wshi’lari’nan baslap, jas qa’lemkeshler xabarshi’lardi’n’ respublikasi’zda bilimlendiriw salasi’ndag’i’ janali’qlar i’qshamlasti’ri’li’p ja’mlenip berildi. Gazetani’n’ 2011-ji’l 21-may sani’nda jeti informatsiya wori’nlarda berilgen.

No’kis qalasi’ndag’i’ 18-sanli’ mekteptin’ dene ta’rbiyasi’ pa’ni woqi’ti’wshi’si’ Niyetbay Esemuratov «Eslew ha’m qa’dirlew ku’nine arnali’p estafetali’q juwi’ri’w boyi’nsha jari’s boli’p wo’tkenligin ha’m bul jari’sti’ mektep oqi’wshi’lari’ni’n’ jetiskenliklerin xabarlasi’, Qaraqalpaq ma’mleketlik universiteti qasi’ndag’i’ 2-sanli’ akademiyali’q litseydin’ fizika pa’ni atamasi’ndag’i’ xabardi’ jollaydi’. Wonda 2-sanli’ No’kis akademiyali’q litseyde jaslardi’n’ bilim da’rejesin ja’nede jetilistiriw maqsetinde «Ziyrekler» tan’lawi’ni’n’ wo’tkerilgenligin ha’m bunda yen’ bilimdan topari’ ani’qlang’anli’g’i’n bildiredi. No’kis ma’mleketlik pedagogika instituti’ni’n’ 2-kurs studenti G.Qurbanazarova «Da’stu’rlerimiz ta’siri ten’en’de» atamasi’ndag’i’ bildiriw milliy woyi’nlar, da’stu’rler xaqqi’nda so’z yetedi.

Sonday-aq bes informatsiya internet materiallari’ tiykari’nda toplani’p «Ja’ha’n sporti’» rubrikasi’ ati’nda berilgen. Bunday ki’sqa ani’q xabarlar gazeta oqi’wshi’si’n jali’qtirmaydi’, al kerisinshe tez koz ju’girtip woqi’wi’na soni’n’ menen birge ko’p mag’luwmat ali’wi’na imkaniyat jarati’p beredi. «Ja’ha’n chempionati’ juwmaqlandi’» xabari’nda «Slovakiyada xokkey boyi’nsha gezektegi ja’ha’n chempionati’ juwmaqlandi’. Woni’n’ finali’nda Finlandiya ha’m Shvetsiya saylandi’ komandalari’ ushi’rasti’ 6:1 yesabi’nda Finlyandiya xokkeyshileri ja’ha’n chempioni’ boldi’. Podborkadag’i’ barli’q xabarlar mine usi’nday i’qsham ha’m ani’q.

Gazeta betlerinde ra’smiy xabarlarg’a ayri’qsha wori’n berilgen. Ra’smiy xabarlarda ma’mleketimizde ju’z berip ati’rg’an a’hmiyetli xu’kimetlik xabarlar berilip bari’lg’an. Soni’n’ menen birge Prezident pa’rman ha’m qararlari’, wolar haqqi’nda tu’sinik beriwshi ra’smiy bayanlawlarda ra’smiy xabarlarg’i’ kiredi.

Ra’smiy xabarlar ko’binese ma’limleme agentliklerinin’ xabarshi’lari’ ta’repinen berilip bari’lg’an. Gazeta betlerinde ra’smiy xabarlardan basqa redaktsiya xi’zmetkerleri sonday-aq ja’miyetshilik xabarshi’lar ta’repinen tu’rli mazmundag’i’ jazi’lg’an xabarlar berilip bari’lg’an. Si’n ma’nisindegi xabarlar da tez-tez ko’zge taslanadi’.

Xabar janri’ wo’z aldi’na du’nyada boli’p ati’rg’an yen’ a’hmiyetli waqi’yalar ha’m janali’qlar haqqi’nda gazeta woqi’wshi’si’na jedel tu’rde mag’luwmat jetkerip beriw wazi’ypasi’n qoyadi’. Sonli’qtanda gazetada xabarlarda tez arada jari’ti’wg’a umti’li’w wog’ada a’hmiyetli yesaplanadi’. Yeger usi’lay bolmasa, xabarda bayan yetilgen faktler yeskirip gazeta woqi’wshi’si’ ushi’n wo’zinin’ a’hmiyetin joytadi’. Pitkeriw qa’nigelik jumi’si’n izertlew dawami’nda mine usi’nday jedellik informatsiyani’ tez jetkerip beriwdey operativliliktin’ jetispeytug’i’nli’g’i’ ma’lim boldi’.

Redaktsiya xi’zmetkerleri ta’repinen tayarlang’an xabarlardi’n’ sapali’q da’rejesine ko’p jag’daylarda ra’smiy ma’limleme agentliklerinen ali’ng’an xabarlar da’rejesinde yemes. Bilimlendiriw tarawi’nda a’melge asi’ri’li’p ati’rg’an reformalardi’n’ konkret na’tiyjelerin ma’lim yetip bildiriwshi xabarlar derlik az. Gazeta betlerinde informatsiyali’q janrlardi’n’ yesabi’ tu’rine de ken’ wori’n berilgen. «Ustaz joli’» gazetasi’nda yesap janri’nda materiallar tayarlawda i’qshamli’li’q sezilmeydi. Mi’sali’, Respublikali’q «Yerkin Qaraqalpqstan» gazetasi’nda bunday materiallar woqi’wshi’ zerikpeytug’i’n da’rejede qa’nige, ta’jiriybeli jurnalistler ta’repinen tayarlanadi’. Mi’sali’, «Bilimli jaslar keleshegimiz», rubrikasi’ asti’nda «Wo’tmishi bay kolledj» atamasi’nda Xojeli pedagogikali’q kolledjinin’ direktori’ S.Ayti’movti’n’ bir palasi’ «Jetik qa’nigeler tayani’shi’mi’z» rubrikasi’ asti’nda «Ka’sipke bag’darlaw tiykarg’i’ wazi’ypami’z» atamasi’nda Qutankol agroekonomika kolledjinin’ direktori’ Sayatxan Pirnazarovani’n’ bir palasali’q yesaplari’ berilgen. Buni’ yesap dep yesap janri’na da kirgiziwge bolmaydi’. Sebebi, kolledjdegi jetiskenlikler g’ana so’z yetilip mashqalalar haqqi’nda uluwma so’z bolmaydi’. Bul, demek gazeta

jurnalistleri yesap janri’ni’n’ aldi’na qoyi’latug’i’n talaplar haqqi’nda ko’birek jumi’s ali’p bari’wi’n talap yetedi.

«Ustaz joli’» gazetasi’nda informatsiyali’q janrlardi’n’ yen’ ko’p qollani’latug’i’n tu’rlerini’n’ biri bolg’an reportaj janri’ni’n’da azda bolsa berilip bari’p ati’rg’anlig’i’na guwa bolami’z. Reportaj janri’ informatsiyali’q janrlardi’n’ ishinde yen’ jawi’nger tu’ri boli’p, respublikali’q gazetalarda woni’n’ mashqalasi’ reportaj, kritikali’q reportaj si’yaqli’ tu’rleri ko’plep ushi’rasadi’. «Yerkin Qaraqalpaqstan» gazetasi’nda ta’jiriybeli jurnalistler Wo’.Wo’tewliev, P.Xojamuratova, S.Janiev, E.Ermanovlar reportaj janri’ni’n’ sheberi yesaplanadi’.

Tilekke qarsi’ «Ustaz joli’» gazetasi’nda reportaj janri’ wog’ada siyrek beriledi. Jurnalist G.Ta’jetdinovani’n’ «Mehirden qalang’an irge» atamasi’ndag’i’ maqalasi’ reportaj janri’ni’n’ talaplari’na juwap bergeni menen wog’an reportaj dep janr qoyi’lmag’an. «Ustaz joli’» gazetasi’ni’n’ tigindilerin ko’zden keshirer yekenbiz 2011-2012-ji’lg’i’ sanlari’nda bari’ jog’i’ yeki u’sh reportaj berilgen. Bizin’she bul janrg’a jurnalistlerimiz ayri’qsha itibar qarati’wi’ za’ru’r. Yelimizde reportaj janri’nda jazi’latug’i’n ko’p g’ana jetiskenlikler tabi’slar wog’ada ko’p.

Qanshadan qansha jan’a woqi’w wori’nlari’ni’n’ jan’a imaratlari’ paydalani’wg’a tapsi’ri’lsa, sportqa bolg’an bu’gingi itibar jaslari’mi’z ushi’n ken’ mu’mkinshilikler yesigin ashpaqta. Gazeta betlerinde informatsiyali’q janrdi’n’ sa’wbet tu’rine ayri’qsha itibar qaratqan. Derlik gazetani’n’ ha’r bir sani’nda usi’ janrdag’i’ jurnalistlik miynetti ushi’ratami’z. İntervyu janri’ jurnalistten wo’zin qi’zi’qti’ri’p ati’rg’an ma’seleni puqtali’k penen u’yreniwdi; sa’wbetlesiwshini i’qsham ani’q yetip tayarlang’an sorawlar ja’rdeminde so’ylete ali’w juwapkershiligin talap yetedi.

Sa’wbet-intervyu janri’ni’n’ informatsiyali’q monolog ma’sla’ha’t tu’rleri bar boli’p bul tu’rdegi sa’wbetlesiwlerge «Ustaz joli’» gazetasi’nan wori’n aji’rati’lg’an. Gazeta betlerinde informatsiyali’q sa’wbetlerde («Ustaz joli’» 2010-ji’l 20-aprel «Miymanlar pikir bildiredi») ibrat alsa arzi’ydi’. (2010-ji’l 23-oktyabr) ushi’raydi’. Gazeta betlerinde monolog sa’wbet janri’n siyrek ushi’ratami’z. Sa’wbettin’ bul formasi’nda jurnalist sa’wbetlesine bir soraw menen

murajat yetedi. Sa’wbetlesiwshinin’ bergen juwabi’ pu’tin materialdi’n’ mazmuni’n quraydi’. Gazetada ma’sla’ha’t formasi’ndag’i’ sa’wbetlesiwler de ushi’raydi’. Bunday materiallarda sa’wbetlesiwshi anaw yaki mi’naw ma’seleler boyi’nsha wo’zinin’ ma’sla’ha’tlerin berip baradi’. A’dette, bunday sa’wbetlesiwlerdin’ ko’lemi wonsha u’lken bolmapydi’. Sa’wbet janri’ni’n’ mashqalasi’ tu’ri be bar boli’p a’dette, bunday sa’wbetlesiwler ta’jriybeli jurnalistler ko’pshilik jag’daylarda UzA, QMA xabarshi’lari’ ta’repinen sho’lkemlestiriledi.

Gazetada «G’a’rezsizlik da’wir jaslari’» rubrikasi’ asti’nda «Talpi’ni’stan tabi’sqa qaray» degen atamada sa’wbetlesiw do’ngelek stoli’ sho’lkemlestirilgen. («Ustaz joli’» 2011-ji’l 19-noyabr). Bunda Berdaq ati’ndag’i’ Qaraqalpaq ma’mleketlik universitetinin’ student jaslari’ arasi’nda ma’mleketlik sipendiya iyeleri menen sa’wbet jurgiziledi. Wolarg’a to’mendegi sorawlar wortag’a taslanadi’.

1. Qa’nigeligin’izge qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’n’ neden baslandi’?

2. Qa’nigeligin’izdi jetik iyelewin’iz ushi’n nege itibar qarati’si’z? Ustazlari’n’i’zdi’n’ ta’siri qay da’rejede?

3. Ma’mleketlik stipendiyani’ ali’wi’n’i’zda qanday miynetlerin’iz bahalandi’? Bunda woqi’wdan ti’sqari’ qosi’msha qanday jumi’slar menen ba’nt bolasi’z?

4. Ma’mleketimiz ta’repinen studentler ushi’n jarati’li’p ati’rg’an imkaniyatlardan uti’mli’ paydalani’w ushi’n ne islew kerek?

5. İnternetten paydalanasi’z ba? Woni’n’ a’hmiyeti ha’m paydalag’i’ nede?

Bizin’she sorawlar wog’ada a’piwayi’. Bunday sa’wbette berilgen sorawlar quramali’raq yelede tarti’sli’raq bolsa maqsetke muwapi’q bolg’an bolar yedi. Juwmaqlap aytqanda sa’wbet janri’ bu’gingi ku’nnin’ yen’ aktual ma’seleleri xaqqi’nda so’z yetiwshi janr boli’p bul janrdan wo’nimli janr boli’p bul janrdan wo’nimli paylani’wdi’ talap yetedi. Yendi «Ustaz joli’» gazetasi’nda analitkali’q janrlardan paylani’w ta’jiriybesi menen tani’sami’z. Analitikali’q janrlarg’a

maqala korrespondentsiya retsenziya publitsistikali’q sharx xat tu’rleri kiredi. Maqala janri’ ko’binese analitali’q maqala analitikali’q publitsistika dep te ju’rgiziledi.

Bizge ma’lim baspaso’z ja’miyetlik turmi’sti’ sa’wlelendiriwdin’ bir ko’rinisi woni’ biliw analizlew ha’m wog’an qaytadan ta’sir yetiwdin’ ayri’qsha a’hmiyetli qurali’ yesaplanadi’. Baspaso’zdin’ ja’miyetlik turmi’sti’ biliw analizlewde publitsistikani’n’ analitakali’q bo’limi tiykarg’i’ wori’nda iyeleydi.

Analitakali’q janrlarda tap informatsiyali’q janrlar si’yaqli’ ja’miyetlik turmi’sti’n’ barli’q salalari’n wo’z ishine aladi’. Wol ja’miyetlik siyasiy publitsistikada da ilimiy publitsistikada da, ekonomikali’q islep shi’g’ari’w publitsistikasi’nda da basqa tarawlarda da tiykarg’i’ wori’ndi’ iyeleydi. İnsan xi’zmetini’n’ du’nyani’ biliw ja’miyetti an’law tu’siniwge bolg’an uri’ni’wlari’ umti’li’wlari’ analitikali’q publitsistikada wo’z ko’rinisin tabadi’.

Analitikali’q publitsistika arqali’ insan ja’miyet ni’zamli’li’qlari’n u’yrenedi, ekonomika ilim ha’m ma’deniyat a’debiyat sanat, ha’mde basqada tarawlarda bar bolg’an tu’rli ma’sele ha’m mashqalalardan xabardar boladi’. Basqasha aytqanda analitikali’q publitsistika adamlarg’a ja’miyetlik siyasiy, xuqi’qi’y ilimiy tariyxi’y, filolofiyali’q, ko’rkem estetikali’q bilim beredi, wolardi’ ta’rbiyalaydi’.

Analitikali’q publitsistika baspaso’zdin’ analizlew xi’zmetin wori’nlawshi’ xi’zmetin atqaradi’. G’alaba xabar qurallari’nda wo’zinin’ wo’zgesheliklerinen kelip shi’g’i’p analitikali’q publitsistika anaw yaki mi’naw da’rejede ko’birek yaki azi’raq wori’n aji’rati’li’wi’ mu’mkin. Ma’selen, gazetalarda ja’miyettin’ tap usi’ bu’gingi halati’n su’wretlewshi informatsiyali’q janrlarg’a ko’birek wori’n aji’rati’ladi’.

Jurnallar bolsa, ja’miyet, ja’miyetlik siyasiy ekonomikali’q ha’m ma’deniy-ma’nawiy turmi’sti’n’ teren’ qatlamlari’n ken’ tu’rde jarati’wg’a gazetalarg’a sali’starg’anda ko’birek wori’n beredi. Radioesittiriwler teleko’rsetiwler ha’m internette analitikali’q publitsistika derlik informatsiyali’q publitsistika menen ten’ wori’n iyeleydi.

Turmi'sti'n' teren' qatlamlari'n jari'ti'wg'a mo'lsherlengen analitikali'q publitsistika wo'zine ta'n bolg'an janrlarg'a iye. Bular korrespondentsiya (ken'eytirilgen xabarlar) sa'wbet maqala, renenziya sholi'w xatlardan ibarat boli'p wolardi'n' ha'r biri wo'zinin' janrli'q wo'zgesheliklerine iye.

**Korrespondentsiya**-informatsiyani' analitikali'q janrlar menen baylani'sti'ri'wshi' ko'pir xi'zmetin atqaradi'. Wonda turmi'stag'i' ju'z berip ati'rg'an waqi'ya ha'm ha'diyseler xaqqi'nda xabar beriw menen birge wolardi' belgili bir da'rejede analiz de yetedi. Korrespondentsiyani'n' wazi'ypasi' bul ja'miyetlik tu'rmi'sti'n' jan'a ko'rinislerin sa'wlelendirip ati'rg'an kemshiliklerdin' bet perdesin ashi'p taslawdan ibarat.

Xabarda, a'dette bir fakt xaqqi'nda mag'luwmat berilip «Ne boldi'?» degen sorawg'a juwap berilse, al korrespondentsiyada bolsa «Ne boldi'?», «qalay boldi'?», «qansha boldi'm» degen sorawlarg'a juwap izleydi. Wolardi' talqi'laydi' ha'm juwmaqlar jasaladi'. Korrespondentsiyada faktler menen mi'sallar sali'sti'rmali' tu'rde «ne boldi'?» ni'n' sebeplerin, tiykari'n qarasti'radi'. «Ustaz joli'» gazetasi'nda korrespondentsiya janri' ko'birek redaktsiya jurnalistleri ta'repinen tayarlani'p ati'rg'anli'g'i'n ko'remiz. Mi'sali', Babur Abdireymovti'n' «Na'tiyje qanatlandi'rarli' ma?» maqalasi' («Ustaz joli'» 2012-ji'l 24-may) korrespondentsiya usi'li'nda jazi'lg'an. Maqalada, Wo'zbekstan Respublikasi' ko'leminde wo'tkerilgen pa'nler boyi'nsha bilimler bellesiwinde jaqsi' na'tiyjeni qolg'a kirgizgen 46-ziyrek woqi'wshi' Tashkent walayati'ndag'i' İntellektual rawajlandi'ri'w woraylari'na biypul jollama alg'anli'g'i' xaqqi'nda mag'luwmat beredi. Gazetani'n' usi' sani'ndag'i' jurnalist G.Ta'jetdinovani'n' «Mug'allim ha'm reportator, woni'n' ayi'rmashi'li'g'i' nede?» dep atali'wshi' korrespondentsiyasi' ko'pshilikti tolg'andari'p ju'rgen ma'sele u'stinde so'z ju'ritedi. Yeger woqi'wshi' sawatli' talapshan' bolsa wonda akademiyali'q litsey yaki ka'sip-wo'ner kolledjlerinde woqi'p ati'rg'an jaslarg'a repitetordi'n' ne za'ru'rligi bar? degen sorawg'a juwap izleydi. Tiyisli qa'nigeler woqi'wshi'lar ata-analar menen sa'wbetlesedi. Juwmag'i'nda wo'zinin' pikir usi'ni'slari'n beredi. «Pikirler sorawlar, woylar».

Repitetor wol balag'a litsey yamasa kolledj partasi'ndag'i'day ti'yanaqli' bilim bere alama? Balani', watan su'yiwshilik, adamgershilik, ta'rtip intizam, a'tirapi'ndag'i' adamlardi'n' ko'z qarasi' ha'm pikirleri menen wortaqlasi'w sonday-aq usi' si'yaqli' insaniyli'q pazi'yletlerdi boyi'na sin'diriw wazi'ypasi'ni'n' juwapkershiligi qansha?. Usi' ta'repine woy juwi'rtsaq, ja'ne wo'z wo'zinen sawal tuwi'li' ta'biyiy. Wol teren' bilim beriw yemes, testti yadlati'p ali'p, ju'zekilik yetiw yemes pe? Bala, qanday mu'ta'jlikten kelip shi'g'i'p repetitor tayarli'g'i'na za'ru'r boli'p ati'r yeken.

Jurnalist bul sorawdi' ken' ja'miyetshilikke tallay woti'ri'p, juwmaq jasaydi'. «Kolledjlerde qatnas bosan'lasi'p ketti, al mekteplerde woqi'wshi'lardi'n' bilim da'rejesi to'menlep barati'r degen kemshilikler qayta qayta si'ng'a ali'ni'p ati'r. Usi'nday bosli'qtan kelip shi'g'i'p qa'dirdan ustaz worni'n repetitor iyelep ati'rg'an joqpa, bul  sorawg'a juwap izleymiz. Qaraqalpaqstan xabar agentligi xabarshi'si' A.Bekmuradovti'n' «Keleshegimiz ti'rnag'i' baqshada jarati'ladi'» («Ustaz joli'» 2012-ji'l 17-may), B.A'bdireymovti'n' «Kemshilikler si'n'ga ali'ndi'» («Ustaz joli'» 2012-ji'l 15-mart) jurnalist A.İbaydullaevti'n' «Tariyxi' bay mektep» («Ustaz joli'» 2012-ji'l 9-fevral) maqalalari' analitikali'q korrespondentsiya janri'nda jazi'lg'an do'retiwshilik miynet yesaplanadi'.

«Sa'wbetlesiw» janri' da analitikali'q publitsistikani'n' jawi'nger tu'ri boli'p usi' bu'gingi ku'nde a'hmiyetli ma'selelerdi wortag'a ali'p shi'g'i'w ushi'n xi'zmet yetedi. Sonli'qtanda «sa'wbetlesiw» janri'n analitikali'q janrlardi' baslag'an ko'rinisi, sorap u'yreniw sorasti'ri'w ha'm juwap ali'w arqali' a'melge asi'ri'ladi'. Sa'wbetlesiw janri' analitkali'q janrlardi'n' ishinde yen' a'hmiyetlilerin' biri boli'p tabi'ladi'. Sa'wbetlesiw janri' intervyu menen birdey dep qarawshi'lar bar. Biraq bul janrdi'n' usasli'q ta'repleri bolg'ani' menen wo'zgeshelikleri de bar. Jurnalist penen sa'wbet iyesi ten' qatnasta boli'p sheshilmey ati'rg'an mashqalani'n' tu'yinin birgelikte sheshiwge ha'reket yetedi. «Ustaz joli'» gazetasi'nda analitkali'q janrlardi'n' bul tu'rinnen de paydalani'p ati'rg'an quwandarar dep hal «Ustaz joli'» gazetasi'ni'n' 2012-ji'l 15-mart sani'ndag'i' Jurnalist Amanli'q İbaydullaev ta'rpinen ali'p bari'lg'an

«woqi'wshi'lardi' transportlarda biypul tasi'w qalay wori'nlani'p ati'r? Yamasa geypara mashqalalar haqqi'nda» sa'wbetti toli'q analitikali'q sa'wbet partani'n' talaplari' tiykari'nda jazi'lg'an. Sa'wbette aldi'n jurnalist obyektti izertlep mag'luwmatlardi' toplap aladi'. «Wo'zbekstan Respublikasi' Prezidentinin' 2012-ji'l 27-fevraldag'i'» «Bekkem shan'araq ji'li'» ma'mleketlik bag'darlamasi' tiykari'nda «Pk 1717-sanli' qarari'ni'n' wori'nlani'win ta'miyinlew is ilajlari'n wori'nlaw ha'm worta arnawli' woqi'w wori'nlari' woki'wshi'lari'n jen'illikler jarati'w maqsetinde a'melge asi'wi' tiyis bolg'an jumi'slardi'n' bari'si'na talqa jasaydi'. Adamlardi'n' a'n'gimlerine nuxa tu'redi woqi'wshi' jaslar ha'm ata-analar menen sa'wbetlesiwler ju'rgizedi. Na'tiyjede, Prezidentimiz ta'repinen qabi'l yetilgen bul qarar a'melde toli'q wori'nlanbay ati'rg'anli'g'i', wog'an ha'r bir puqara u'lken juwapkershilik penen qarawi' za'rur yekenligi yeskertiledi.

Tilekke qarsi' bunday mazmundag'i' sa'wbetler gazeta betlerinede wog'ada az ushi'raydi'. Analitikali'q publitsistikani'n' tiykarg'i' jarlari'nan biri bolg'an maqala janri' ja'miyetlik turmi'sti'n' derlik barli'q tarawlari'nda ju'z berip ati'rg'an yen' a'hmiyetli ma'sele ha'm mashqalalardi' waqi'yalar bari'si'n tsindirip talqi'li'p beriw xi'zmetin atqaradi'. «Ustaz joli'» gazetasi'nda maqala janri'na ayri'qsha itibar qarati'lg'an boli'p woni'n' avtorlari' ken' ja'miyetshilik wa'killeri jurnalistler, sonday-aq taraw qa'nigeleri yesaplanadi'. N.Uzaqbaevani'n' «Qaraqalpaqstan-da'stu'r ji'llari'» («Ustaz joli'»2012-ji'l 15-mart), Z.Ma'rpenovani'n' «Ta'rbiya tiykarg'i' qural» («Ustaz joli'»2012-ji'l 9-may), G.Rametovani'n' «Xurmetli ustaz, a'diwli ana» («Ustaz joli'»2012-ji'l 12-fevral), G.Janetovani'n' «Ushqan uyasi' duziw bolsi'n» («Ustaz joli'»2012-ji'l 12-fevral) ha'm tag'i' da basqa ko'plep qa'nigelerdin' avtorli'g'i'ndag'i' maqalardi' ko'riwimizge boladi'.

«Ustaz joli'» gazetasi'nn' betlerinde ko'p bolmasa da retsenziya (si'n) janri'ndag'i' maqalalardi' da woqi'p qalami'z. Bul janr ilim-pa'n, a'debiyat ma'deniyat tarawi'ndag'i' shi'g'armalarg'a baha beriw wolardi' tan'lawg'a mo'lsherlengen. Bunday maqalalar, belgili bir qa'nigeler ta'repinen tayarlang'an woqi'w qollanbalari', sabaqli'qlar sonday-aq ko'rkem shi'g'armalarg'a ayi'ri'm

jag’daylarda a’meliyatta qollani’wi’ kerek bolg’an ayi’ri’m ma’seleler jo’ninde qa’nigelerdin pikirleri berildi «woqi’san’ pikir aytami’z» rubrikasi’ asti’nda berilgen «Usi’ni’slar Ustazlar ushi’n» degen maqala «avtorlari’ akademik J.Bazarbaev ha’m dotsent A.Muratbaev «Ustaz joli’»2012-ji’l 9-fevral) si’n ma’sininde jazi’lg’an A.Sultanov ha’m de N.Aytmuratovani’n’ «Baletmeyster haqqi’nda qunli’ shi’g’arma» atami’si’ndag’i’ maqalasi’ da retsenziyali’q xarakterdegi maqalag’a kiredi.

Xat janri’ bolsa gazeta mazmuni’ni’n’ tiykari’n quraydi’. Gazeta betlerinde «Sorani’z juwap beremiz», «Bir xatti’n’ izine», «Bizge jazg’an yedin’iz», «woqi’wshi’lar pochtasi’nan» rubrikalari’ asti’nda gazeta woqi’wshi’lari’nan xatlari’ tu’raqli’ tu’rde berilip bari’lg’an. Gazeta materiallari’n u’yrene woti’ri’p

1.Redaktsiyag’a xatlar

2. «Gazeta woqi’wshi’lari’ tilinen», «Gazeta woki’wshi’lari’ usi’ni’s yetedi» mazmuni’ndag’i’ xatlarda da ushi’ratami’z. Juwmaqlap aytqanda bu’gingi baspa so’zin’izde a’meliy-analitikali’q maqalalarg’a ko’birek itibar qatati’li’p ati’r.

«Ustaz joli’» gazetasi’ni’n’ qa’liplesip rawajlani’wi’nda ko’rkem publitsistikali’q janrlardi’n’ da tu’tqan worni’ ayri’qsha. Wolarg’a: su’wretleme, ocherk, esse, felton ha’m pamflet janrlari’ kiredi.

Suwretleme ko’rkem publitsistikai’n’ kishkene janrlari’nan biri boli’p, tiykari’nan jan’ali’qtan xabardar yetiwshi janr yesaplandi’. Soni’n’ menen birge su’wretleme, a’piwayi’ informatsiyadan, xabardan parq qi’ladi’, waqi’ya, ha’diyselerdi ken’irek su’wretlewge turmi’stan ali’ng’an bir ko’rinisti insanlar xi’zmeti haqqi’ndag’i’ beligili bir mag’luwmatlardi’ woqi’wshi’ ko’z aldi’nda janlandi’ri’p beredi[28]. Usi’ ko’z qarastan wonda ayi’ri’m ko’rkem-su’wretlew qurallari’ tabiyat ko’rinisleri insan xi’zmeti, miyneti izleniwi ko’rinisleri za’ru’r bolg’anda insan kelbeti ha’m basqa da ko’rinislerinen wori’n beriledi. Bunday su’wretlemeler «Ustaz joli’» gazetasi’nda qa’nige jurnalistler ta’repinen tayarlang’an. Mi’sali’, Klara Xudaybergenovani’n’ «Maqseti ulli’ insan» maqalasi’ su’wretleme, janri’nda jazi’lg’an. («Ustaz joli’» 2012-ji’l 15-mart). Su’wretlemede

[28] М.Худайқулов. Журналистика ва Публицистика. Т, 2008й. 185-бет.

fakt, waqi’ya-ha’diyseler xaqqi’nda xabar beriw olardi’ belgili da’rejede analizlew menen birge wo’mirde janli’ ko’rsetip beriw arqali’ su’wretlew talap yetiledi. Bul bolsa wo’z gezeginde obraz ha’m obrazli’li’qtan paydalani’w arqali’ da su’wretlep beriwdi wazi’ypa yetip qoyadi’. Biraq su’wretlemede qanday-da bir waqi’ya yaki ha’diyse sonday-aq insan xi’zmetinin’ barli’q si’patlamalari’ yemes, al belgili bir bo’lekshesi jari’ti’li’p beriledi. «Ustaz joli’» gazetasi’ mine usi’nday suwretlemelerdi wog’ada ko’plep bere alg’an.

«Jayxun samallari’» go’zzalli’qqa baslaydi’» («Ustaz joli’» 2010-ji’l 11-dekabr), «Talapshan’ ustaz» («Ustaz joli’» 2010-ji’l 20-noyabr), G.Ta’jetdinovani’n’ «Milliy woyi’nshi’qlar-ta’rbiya qurali’» («Ustaz joli’» 2010-ji’l 13-noyabr) su’wretlemeleri redaktsiya jurnalistleri ta’repinen tayarlang’an. «Ustaz joli’» gazetasi’ni’n’ ko’pshilik materiallar ko’rkem publitsistikani’n’ «ocherk» janri’ni’n’ ko’p paydalani’wi’ menen wo’zgeshelenedi. Ocherk janri’ haqqi’nda ilimpazlar tu’rlishe pikir ju’ritedi. Mi’sali’, rus ilimpazi’ A.A.Tertichni’y ocherkti ko’rkem publitsistikani’n’ patshasi’[29] deydi.

Al o’zbek tilinin’ tu’sindirme so’zliginde bolsa- «ocherk»-haqi’yqi’y turmi’si’n faktlerdi qi’sqasha su’wretlep beriwshi kishi kollejdegi ko’rkem shi’g’arma dep ta’riypleydi. «Jurnalist spravochnigi» kitabi’nda bolsa, «Ocherk-adamlar xaqki’nda obrazli’ tu’rde suwretlep beriw wolarg’a ha’rekette ko’rsetiw waqi’yalardi’ a’xmiyetin ashi’p beriwshi janr dep ko’rsetedi[30].

Ocherk wo’zinin’ formasi’ ha’m bag’darlang’an maqseti ha’m de obyekti ko’z qarasi’nan tu’rlishe boli’p wolar portret ocherkler waqi’ya ocherki problemali’ ocherk jol ocherki tu’rlerine uluwmali’q bolg’an qa’siyet bul-turmi’sti’ obraz ha’m obrazli’li’q ja’rdeminde su’wretlew boli’p ayi’rmashi’li’g’i’ bolsa bul su’wretlewlerdin’ qaysi’ bir ta’repine ken’irek itibar qarati’li’wi’ boli’p yesaplanadi’. «Ustaz joli’» gazetasi’nda ocherk janrlari’ni’n’ arasi’nda portret ocherki tiykarg’i’ wori’nda iyeleydi. Bundag’i’ tiykarg’i’ wazi’ypa ocherk qaharmani’ yaki qaharmanlari’ni’n’ tiykarg’i’ xarakterin ashi’p beriwden ibarat.

[29] Тортичный А.А.Жанры-периодический песати. М. 2000ж.
[30] Худайкулов М.Журналистика ва публицистика 2008.198-бет.

Portret ocherktin’ tematikali’q shen’beri wog’ada ken’ boli’p turmi’sti’n’ barli’q salalari’n insan miyneti ha’m do’retiwshilik xi’zmetini’n’ barli’q tarawlari’n qayti’p ali’wi’ mu’mkin. Portret ocherk a’dette, ja’miyettin’ jetekshi tarawlari’nda ja’miyetlik turmi’s xali’q xojali’g’i’ ilim ha’m texnika a’debiyat ha’m ma’deniyat tarawi’nda xi’zmet ko’rsetip ja’miyetimizdin’ rawajlani’wi’ ushi’n u’lken u’les qosqan, miynette joqari’ jetiskenliklerge yerisken jan’ali’qlar ashi’li’wlari’ a’melge asi’rg’an insanlarg’a wornalg’an boladi’.

«Ustaz joli’» gazetasi’nda bunday portret ocherkler ko’plep berlip bari’lg’an. Wolardi’n’ avtorlari’ ta’jiriybeli jurnalistler gazetani’n’ xabarshi’lari’, student jaslar sonday-aq ja’miyetlik xabarshi’lari’ Gulnaz Mamitovani’n’ «Sadi’qli’q» atamasi’ndag’i’ portret ocherki («Ustaz joli’» 2010-ji’l 11-dekabr Wo’zbekstan Respublikasi’ xali’q bilimlendiriw ag’lasi’) Shi’nargul Paxratdinovani’n’ miynet joli’ haqqi’nda so’z yetedi. T.Dosi’mbetovani’n’ «Ja’ha’n ju’regine si’yg’an hayal» («Ustaz joli’» 2010-ji’l 23-oktyabr), Gu’lbahar Jaqsi’movani’n’ «Ko’pshilik wo’rnek alsa arzi’ydi’» («Ustaz joli’» 2010-ji’l 15-may), A.Xudiyarovti’n’ «İlimge arnalg’an wo’mir» («Ustaz joli’» 2010-ji’l 15-may), G.Ta’jetdinovani’n’ «Wo’mirin’ mazmuni’na aylang’an ka’sibi» («Ustaz joli’» 2011-ji’l 11-fevral), A.İbaydullaevti’n’ «wo’mirlik mektepke arnalg’an insan» («Ustaz joli’» 2011-ji’l 14-may), ocherkleri portret ocherk talaplari’na juwap beredi. Biz gazeta tigindilerin u’yreniw analizlew arqali’ bul jurnalistlik miynetlerdin’ portret ocherkler yekenligi ani’qladi’q.

Tilekke qarsi’, bul maqalalardi’n’ hesh birinde janrlari’ ko’rsetilmegen. Bul bag’darda redaktsiya ja’ma’a’ti Respublikami’zdag’i’ belgili jurnalistler O’mirbay O’tewliev, Perdegul Xojamuratova, Esenbay Ermanov, Sag’i’ndi’q do’retiwshilik miynetlerinen sonday-aq respublika ko’leminde tarqati’latug’i’n «Marifat» gazetasi’nda ja’riyalangan ocherklerden u’yrense maqsetke mu’wapi’q bolar yedi.

Ocherktin’ a’hmiyetli tu’rlerinen biri bul-waqi’yali’ ocherk sanaladi’. Bunda tiykari’nan birinshi wori’nda a’hmiyetli ja’miyetlik siyasiy, ekonomikali’q ma’seleler sonday-aq iri quri’li’s islerinin’ a’melge asi’ri’wi’ ha’m basqa waqi’yalar so’z yetiledi. Tilleke qarsi’ bunday waqi’yali’ ocherkler «Ustaz joli’»

gazetasi’nda keyingi ji’llardi’ og’ada az ushi’rasadi’ Redaktsiya ja’ma’a’ti bul ma’selelerge ayri’qsha itibar qarati’w za’ru’r dep woylaymi’z. Problemali’q ocherkler haqqi’nda da tap usi’nday pikirdi bildirsek boladi’.

G’a’resizlik da’wirinde respublikami’zda a’melge asi’ri’li’p ati’rg’an u’lken ja’miyetlik siyasiy, ekonomikali’q ha’m de ruwxi’y ag’arti’wshi’li’q tarawlari’ndag’i’ reformalar sanaat,quri’li’s tarawi’ndag’i’ ibratli’ isler bilimlerdiriw kadrlardi’ tayarlaw ha’m qayta tayarlaw bag’dari’nda iygilikli islerimiz jurnalistlerimizden teren’ mazmung’a iye usi’ni’s ha’m jetiskenliklerge bay bolg’an xalqi’mi’zda ruwxlandi’ri’wshi’ ocherklerdi jazi’wdi’ talap yetpekte.

Gazeta betlerinde esse, pamplet, feleton, janrlari’ da wog’ada siyrek ushi’rasadi’. Bul bag’darda da redaktsiya ja’ma’a’ti wo’z do’retiwshilik jumi’slari’nda jan’ali’qlar, izleniwshilikler ali’p bari’wi’ za’ru’r. Haqi’yqattanda janrdi’n’ ko’p tu’rligi jurnalist do’retiwshiliginin’ sapasi’n, jaqsi’lawg’a wolardi’n’ teoriyali’q bilim da’rejesinin’ joqari’ yekenligin ko’rsetiw menen birge gazeta woqi’wshi’lari’ni’n’ talg’ami’ni’n’ ku’sheytiwine de tiykar boladi’.

## Juwmaqlaw

G’a’rezislikke yerisken 20 ji’l ishinde ma’mleketimizde ja’miyetti demokratiyali’q bag’darda ko’meklesiwshi jan’a g’alaba xabar qurallari’ni’n’ qa’liplesiwi ja’miyetlik siyasiy tarawdag’i’ yen’ a’hmiyetli wo’zgerislerdin’ biri boldi’. Bul da’wir ishinde uluwma jan’a bag’dardag’i’ ma’mleketimizde a’melge asi’ri’p ati’rg’an tu’pkilikli reformalardi’n’ su’yenishi ha’m ugit-na’siyatlawshi’si’ si’pati’nda baspa so’z maydang’a shi’qti’. G’alaba xabar qurallari’ni’n’ tipologiyasi’nda jan’alani’wlar ju’zege keldi. Jigirma ji’l ishinde Wo’zbekstan Respublikasi’nda g’alaba xabar qurallari’ soni’n’ ishinde baspaso’z tarawi’ni’n’ huqi’qi’y tiykarlari’ jarati’ldi’. Ma’mleketimizde g’alaba xabar qurallari’ni’n’

xuqi’qi’y tiykarlari’n ta’miyinlewshi 11 ni’zam 40 tan aslam Wo’zbekstan Respublikasi’ Ministrler Kabinetinin’ qarar ha’m pa’rmanlari’, 600 den aslam ni’zam asti’ xuqi’qi’y normativ xu’jjerler qabi’l yetildi. Ha’zirgi ku’nde Wo’zbekstanda 220 dan aslam g’alaba xabar qurallari’ ma’mleketlik dizimnen wo’tip xali’q iygiligi joli’nda xi’zmet qi’lmaqta[31].Soni’n’ ishinde Qaraqalpaqstan Respublikasi’nda 36 gazeta, 9 jurnal, 1 byuleten, 1 axborot agentligi yeki radioesittiriw kanallari’ ha’mde 5 teleko’rsetiw kanalari’ xi’zmet yetpekte.

Biz pitkeriw qa’nigelik jumi’si’mi’zda respublikami’z tarmaq gazetalari’ni’n’ biri «Ustaz joli’» gazetasi’ni’n’ tariyxi’ tematikasi’ problematikasi’ janrli’q wo’zgesheliklerin u’yreniwge ha’reket yettik Pitkeriw qa’nigelik jumi’si’mi’z tiykari’nan Kirisiw, Tiykarg’i’ u’sh bap ha’mde juwmaqlaw paydalang’an a’debiyatlar diziminen ibarat.

Pitkeriw qa’nigelik jumi’si’zdi’n’ birinshi’ babi’ «Qaraqalpaqstanda tarmaq gazetalari’ ha’m wolardi’n’ g’alaba xabar qurallari’ diziminen ibarat. Birinshi bapti’n’ birinshi bo’liminde respublikami’z baspa so’zinde tarmaq gazetalari’ni’n’ worni’ so’zinde tarmaq gazetalari’ni’n’ worni’ ashi’p berildi. Wolardi’n’ sho’lkemlestiriwshileri woqi’wshi’lar auditoriyasi’ redaktsiyasi’ ja’ma’a’ti ilimiy ko’z qarastan u’yrenildi. İzertlew na’tiyjesi sana ko’rsetedi tarmaq gazetalari’ bugingi ku’nde wo’z oqi’wshi’lari’na iye ba’sekileslik mu’mkinshiligine iye ku’ndelikli gazetalar si’pati’nda maydang’a shi’g’anli’g’i’n ko’remiz.

Wolardi’n’ ko’pshiligi rayonli’q ha’mde qalali’q gazetalarg’a sali’sti’rg’anda wo’zlerinin’ ekonomikali’q mu’mkinshilikleri menen jumi’s ali’p bari’p ati’rg’anli’g’i’n ko’rdik. Birinshi bapti’n’ yekinshi bo’limi «Ustaz joli’» gazetasi’ni’n’ payda boli’w tariyxi’» dep atali’p, biz g’a’rezsizligimizdin’ jemisi si’pati’nda 1988-ji’li’ jumi’s baslag’an tarmaq gazetasi’ni’n’ basi’p wo’tken joli’n izertlewge itibar qaratti’q. Gazetag’a wo’tken ji’llar dawami’nda ta’jiriybeli jurnalistler A’.Atajanov, Q.Tilewov, Q.Bayniyazov, D.Habibullaev ha’m ha’zirgi ku’nde J.O’tegenovlardi’n’ basshi’li’q yetip kelgenligin ayti’p wo’tiw wori’nli’.

[31] Қараң. Каримов И.А мәмлекетимизде демократиялық реформалары еледе тереңлестириў ҳәм пуқарасын жәмийетти қурыў концепциясы «Еркин Қарақалпақстан» 2010-жыл 16-ноябрь

«Ustaz joli’» gazetasi’ni’n’ aldi’nda pu’tkilley jan’a wazi’ypalar turg’anlig’i’n ha’m bul wazi’ypani’ talap da’rejesinde wori’nlap ati’rg’anli’g’i’n ilimiy jumi’si’mi’zda analizledik. Gazeta respublikami’zda bilimlendiriwdi rawajlandi’ri’w, kadrlar tayarlaw ha’m qayta tayarlaw siyasati’n qollap quwatlaw ma’mleketimiz kelesheginin’ tayani’shi’ ha’m dawamshi’si’ bolg’an jaslarg’a talap da’rejesinde bilim beriwdi jolg’a qoyi’wda xaqi’yqi’y ja’rdeminshi qollap kuwatlawdi’ ku’sh si’pati’nda maydang’a shi’qqani’n bildik.

G’a’rezsizligimizdi bekkemlew yerkinlikti milliylikti tiklewdin’ woni’n’ ma’ngiligin ta’miyinlewden basli’ wazi’ypalar gazetani’n’ tiykarg’i’ xi’zmeti minnetine aylandi’. İzertlew dawami’nda ja’miyetlik tarawlardi’ soni’n’ ishinde baspaso’z sistemasi’n demokratiyalastiri’w protsesi wog’ada qi’yi’n keshgenligi ma’lim boldi’. Respublikada gazetani’n’ sho’lkemlesken waqti’ bazar qatnasi’qlari’na wo’tiwdin’ yen’ quramali’ da’wirge tuwra kelgenligi baspaso’z ekonomikasi’nda qi’yi’nshi’li’qlardi’ ju’zege shi’g’aradi’. Mine usi’nday qi’yi’nshi’li’qlar ta’jiriybeli jurnalistlerdin’ basshi’li’g’i’nda u’lken tabi’slarg’a tiykar jaratti’. Gazeta tiraji’  turaqlasti’. Redaktsiya ta’jiriybeli jurnalist qa’nigeler menen tolti’ri’ldi’.

Pitkeriw qa’nigelik jumi’si’mi’zdin’ yekinshi babi’ «Ustaz joli’» gazetasi’ni’n’ tematikali’q problematikali’q bag’darlari’ dep atali’p, birinshi bo’lim «Gazeta betlerinde bilimlendiriwdi jetilistiriw ma’selesi» ilimiy ko’z qarastan u’yrenildi. Al yekinshi bo’lim bolsa «Gazetada ma’deniy miyras ha’m ta’lim ta’rbiya ma’selelesi dep ataladi’.». Biz izertlew jumi’si’miz dawami’nda redaktsiya ja’ma’a’ti mine usi’ ma’selelerge ko’birek itibar qaratti’ degen pikirge keldik.

Pitkeriw qa’nigelik jumi’si’mi’zdi’n’ u’shinshi babi’ «Ustaz joli’» gazetasi’nda jumi’s ali’p bari’w usi’llari’ ha’m janrli’q wo’zgeshelikleri» dep ataladi’. Biz izertlew dawami’ndi’ janrlardi’n’ ko’p tu’rliligi gazetani’n’ woqi’wshi’lar auditoriyasi’ aldi’nda u’lken a’hmiyetke iye yekenligin ko’rdik. Gazeta betlerinde jurnalistlerdin’ do’retiwshilik miynetlerine woni’n’ janrli’q

beriliw sheberliklerine itibar qaratti’q. Biz pitkeriw qa’nigelik jumi’si’zdi’ juwmaqlar yekenbiz aldi’mizg’a qoyg’an maqsetimizge yeristik dep woylaymi’z.

## Paydalang’an a’debiyatlar dizimi


1. Каримов И.А. Миллий истиқлол ғояси: Асосий тушунча ва тамойиллар. Тошкент. «Ўзбекистан» 2000

2. Каримов И.А. Энг асосий мезон-Ҳаёт хақиқатлигини акс эттириш. Тошкент. 2009.

3. Каримов И.А. Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды еледе тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти қурыў концепциясы. «Еркин Қаракалпақстан» 2010-жыл 16-ноябрь.

4.Оммабий Ахборот воситалари туғрисида (янги тахрир) Ўз.Р Конституцияси «Халк сўзи» газетаси. 2007-ж. 16 янбарь.

5. Каримов И. А. Тарихий хотирасиз келажак йуқ. «Мулақат» журнали 1998й №5

6.Биздан озод ва обод Ватан қолсин. 2-том. Т. Ўзбекистан 1996-й

7.Каримов И.А. Юксак манавият енгилмас куч. Т. «Маънавият» 2008-й

8.Абдуазизова Н. «Туркистан журналистикаси тарихи. (18701917) Университет 2000

9. Абдуазизова Н. Туркстан матбуоти тарихи. Т. 2002,

10. Абдуазизова Н. Миллий журналистикамиз тарихи Т.»Шарқ» I-II том. 2008-й

11.Дустқараев Б. Узбекистан журналистикаси тарихи. Т.2009.

12. Дустқараев Б. «Тараққий» бошлаб берган ёрқин йул. «Хуррият» газетаси 2006-й.27-июнь, 4-июль.

13.Аналитическая журналистика (теория и методика журналистского тборчества) Част I. Конспекти лекций. Қ.Ирназаров, Я.Маматова. Ш, 2001.

14.Варашилов В.В. Журналистика. Учебник. С.Пб. 1999.

15.Жаббаров С.Н. Оммобий ахборот қонунчилиги. Маьрузалар матни. Т.УзМу 2000.

16. Жамоатчилик билан ишлашиш- Павлик Рилейшнз. Тошкент, УЗМУ. 2002.

17.Журналистик суриштирув қисқача таьриф ва тавсиялар. Т 2002,

18. Корконосенко С.Г. Основа журналистики Учебник.М 2001.

19. Прохоров Е.П. Введие теорию журналистики. Учеб.пособие М.20002.

20.Муминов Ф. Журналистика ижтимой институт сифатида Т. «Университет» 1988-ж.

21.Тлертичный А.А. Жанры периодической печати. М. 2000.

22. Тлоғаев О. Публцистика жанлари Т. Уқитубчи. 1976.

23.Эрназаров Қ.Т., Маматова Е.М Эрназаров Ш.Қ. Репортёрлик фоалиятиниң назарияси ва амалияти, Т,2002

24.Мухтар Худайқулов, Матбуотниң бош принциплери. «жамият ва бошқарув». 2005й.№1

25.Худайқулов М. Бадий публицистика жанлари. Т, УзМу. 2004й.

26. Худайқулов М. Журналистика ва публицистика. Т, «Университет» 2008й.

27. Худайқулов М. Журналистика ва публицистика. Т,2011

28.Бекбаўлиев Д. Газета қалай шығади? Нокис «Билим» 2011ж

29.Қожықбаева З. Жанрлар Макет Дизайн. Нөкис «қарақалпақстан» 2011-ж

31.«Устаз жолы» газетасының 2012-жыл тигиндилери